


KUPOMERA MHOSVA

 Mazvita, Hama Neville. Ngatirambei takamira kwechinguvana kuti tinamate. Ngatikotamisei misoro yedu. Pane zvikumbiro here zvataurwa, kana zvikaziviswa neruwoko rwakasimudzwa, kuna Mwari chete, uchiti, “Ini—ini...”? Bata mupfungwa yako zvino zvauro—zvauro kuda kuMukumbira, ugozvitenda nemoyo wako wose, pandinenge ndiri kukunamatiraiwo, zvakare.

² Baba voKudenga, tiri... tinoti uyu mukana chaiwo, kuuya kuimba yaShe, pazuva rino risina chiedza chakajeka, uye—uye nokuwana Chiedza cheMwanakomana waMwari chichipenya, uye nokunzwa Mweya Mutsvene uchiimba nomuvanhu, nokutaura nomuvanhu, chingori chi—chibutwa chiduku chemushana weMwanakomana chiri mukati. TinoKutendai nokuda kwazvo, mushana weMwanakomana weKudenga wakapoteredza moyo yedu. TinoKutendai kwazvo nokuda kwawo! Zvino vave... .

³ Vanhu venyu vachangosimudza mawoko avo muungano ino, kuti vane zvikumbiro, kuti vanoshuvira kuti Mugovapindura mangwanani ano. Uye ndinonamata, Baba, kuti muchapa chimwe nechimwe chezvikumbiro zvavo. Pane zvakawanda, zvakaunganidzwa patafura, uye zvikumbiro zvakawanda kwese-kwese, vanhu vari kurwara, vari kutambudzika; kuchaiwa kwenhare, dzekure-kure, dzingasvika makumi mashanu pazuva. O Mwari, toitawo sei? Chingotitungamirirai, Ishe. Hati—tizive kwekuenda kana zvokuita, asi Imi munokwanisa kutungamirira zvinhu izvi, uye tinonamata kuti Mugozvipa kwatiri. Nokuti, chi—chinangwa chedu, Ishe, hungavei hupenyu hwatinahwo panyika takahupiwa neMi, uye tinoda kuhushandisa kuKukudzai nahwo. Iye zvino iMi titungamirirei muzvinhu izvozvo, Baba.

⁴ Tiropafadzei nhasi apo taungana pamwe chete kuti tinzwe Shoko raIshe, kuimba dzimbo, nokunamata. Inzwaiwo minamoto yedu. Farai pamwe nesu mudzimbo dzedu, uye Mugotaura nesu nemuShoko, nokuti tazvikumbira nomuZita raJesu. Amen.

Garai henyu pasi.

⁵ Handimboziva imwe nzvimbo yandingati mukana ungadarika pakumira, sezvazvingave wokunge ndakamira mu—mupurupiti, kumedura Chingwa cheUpenyu kuvanhu vakamirira, vane nzara, vane nyota. Zvino uyu mukana mukuru.

⁶ Kutanga, ndinoda kubunza kana—kana paine mumwe wekumhuri yekwaWright ari pano, Hattie kana Orville, kana chero hake? Hattie. Ko una Orville here, Hattie?

Saka, mukumbire kuti agouya nokumba, tangopedza, pane zvandakamutaurira, munoziva. Ngaauye nekumba, kana akakwanisa. Ndakanganwa kuzviunza kuno, mangwanani ano, chimwe chinhu chekambwa kavo kaduku kavainako zasi uko. Saka nda—ndango...Kana ukakwanisa, tyaira wakananga kumba paunobva wave ku—kuenda kwenyu ku...mushure meshumiro.

⁷ Uye zvino, Edith, munun'una waHattie, uyo watinoziva somusikana muduku anga akaremara kubva achiri mu—mucheche. Uye ave mudzimai zvino, uye ari muchinhano chakaipa zvikuru. Zvino ini, kuda gore rimwe rapfuura, ndakaenda zasi ikoko paakatanga kubatikana, zvino pakarepo ndakawana kuti dambudziko rake raiva rei, nerubatsiro pamwe nenyasha dzaMwari. Iye zvino, chaizvo-izvo, dambudziko rine mwana...

⁸ Akagara, makumbo ake anorovana pamwe chete, uye haatombokwanisi kuapatsanura, zviru kukonzerwa nokumanikidzwa kukuru mu—mutsinga dzemanzwiwo. Asi, zvazviru, hapana chakakanganisika pamutumbi wemwana, kunze kwedambudziko rokuremadzwa ari mucheche apo akanga ave nemwedzi ingaita mitanhatu yekuzvarwa. Akadanidzira ndokuchema zvokunge achabuditsa hupenyu hwake hwose, potse-potse, kusvikira...Takamunamatira makore akawanda apfuura, uye—uye anga achifara kubvira ipapo, kusvikira kuda gore rapfuura.

⁹ Uye iye zvino ingori nguva yekuguma kubereka. Nenamwe mashoko, shanduko yehupenyu hwake, zvino tsinga dzake dzemanzwiwo dziri muchinhano chakamanikana. Uye mudzimai muduku uyu mupfungwa dzake ari kufunga kuti ave kufa, haa—asi kuzomborarama, kubva paawa imwe kusvika pane imwe awa. Uye munoziva. Uye madzimai ane utano, akasimba anowana nguva yakaomarara kwazvo, dzimwe nguva vanotozobaiwa mishonga yemvura dzemumuviri, no—nokupinda muzvipatara, nokurapwa kuvhunduka nezvimwe zvose, panguva iyoyi.

Munhu ane shanduko mbiri dzehupenyu.

¹⁰ Vane shanduko kubva pahukomana kuva mu—murume; kubva kuva mudzimai...kubva pahusikana kuva mudzimai. Sezvingaita makore okuberekwa gumi nemanhatu, gumi nemanomwe, vanoita seboka revapengereki. Zvino—zvino kana mukangogona kutsungirira navo pazera iroro. Ndine mwanasikana ari muzera iroro iye zvino, Rebekah. Mumunamatirewo. Uye Billy, o, mumwe nomumwe wedu, tinopfuura nemuzera duku iri rokupengereka. Zvino—zvino saka tinofanira kutsungirira navo, tichicherechedza kuti chinhu icho—icho cha—chavanofanira kupfuura nemachiri.

¹¹ Uye zvino, Edith, neshanduko iyi ye—ye—yemakore manomwe. Makore manomwe oga-oga, upenyu hwako hunoshanduka. Saka manomwe akapetwa kanomwe, munoona, uye—uye zvinoita kuti zvinge zvakati omei, uye iyoyo ishanduko izere. Zvino i—inonetsa madzimai. Varume kazhinji kacho vanoita mamwe mazvibatiro anenge asinganzwisisike panguva iyoyi, dzimwe nguva vanosiya madzimai avo. Asi madzimai haa—achabereki shure kwezvo. Uye tose tinopfuura nemazviri, uye tinofanira kurangarira kuti zvinhu zvatinfanira kutsungirirana mumwe nomumwe, uye nokunzwisisa zvinhu izvozvi.

¹² Zvino Edith muduku apinda muchinhano ichochi, uye aperezeka, zvino anoratidzika zvakaipa. Uye—uye—uye ndinokutaurirai, umwe usiku, kwete imi mose muri pamwe chete, asi karwendo kaduku kekudzika ikoko... Vakagara pamwe naye, masikati neusiku. Zvino ka—karwendo kaduku kudzikako kubva kutabhenakeri ino ne—nemamwe matabhenakeri akasiyana-siyana, ma—matabhenakeri edu akatangira pano, vamwe venyu imi vanhu endai munoona mhuri yekwaWright. Ndine chokwadi chokuti vanozvikoshesa. Chingodzikaiko, mugogara pasi navo kwechinguvana, motaura navo, vakwazisei neruwoko, uye kana kungori kushanya kwepahushamwari.

¹³ Ti—tinozvikanganwa zviri nyore, munoziva. Zvino kana zvichinge zvauya kumba kwedu, zvararo tinozozvikoshesa. Uye tinofanira kurangarira, vamwe vanozvikoshesawo, zvakare. Uye mhuri yekwaWright, ndine chokwadi, vanozvikoshesa. Ndi—ndinoziva kuti mungadai makazviita dai makaziva kuti pane chinhano chakadai. Asi hamuna kuzviziva, saka ndo—ndokusaka ndanga ndiri kukuudzai mangwanani ano, nezvazvo.

¹⁴ Endai munoshanyira mhuri yekwaWright, uye mugoedza kufadza Edith. Zvino, musamuudze kuti anoratidzika zvakashata. Muudzei kuti iye “anoratidzika zvakanaka,” iye “achaita zvakanaka.” Ndizvo, achaita zvakanaka kana tikangoramba takamumiririra. Ndicho chikonzero tiri pano. Uye ihanzvadzi yedu, uye—uye tiri pano kumiririra mwana yu munguva dzino. Sezvandinongodawo kuti mumwe munhu andimirire pamwe nokunamata pandainge ndiri kupfuura nemumiyedzo yangu, uye iwe unoda mumwe munhu pane yako.

¹⁵ Zvino—zvino mhuri yekwaWright yange yave ye—yekare...imwe yenhengo dzekare-kare kune vanouya kuungano ino. Ivo, ndinofungidzira, neHama Roy Slaughter neHanzvadzi Slaughter. Ndavaona munguva shoma yapfuura, ndokuvasimudzira ruwoko pavapinda. Ndokufunga, pachezvangu, pandanga ndichityaira ndichipota nepakona, “Ave makore mangani ndichiona Hama neHanzvadzi Slaughter vachitora nzvimbo yavo mukereke ino, nomukukwira nokudzika, uye vachiramba vachienda mberi?” Nemhuri

yekwaWright, nevakadaro, unokoshesa vanhu ivavo, munoona. Zvino ngati—ngativaratidzei kuti vanotikoshera.

¹⁶ Zvino, nhasi, ndine Mharidzo yakareba. Iri pakupomera mhosva.

¹⁷ Uye—uye zvino, manheru ano, ndanzwa kuti pane chirairo nekugezana tsoka, nezvimwe zvakadaro. Saka mufundisi vachataura, uye tichave...tichadzika zasi. Zvino kana iwe—kana iwe uripo, uya ugofadzwa ne—nemharidzo inobva kumufundisi, yabva kunaIshe, uyewo zvakare kubva pakugezana tsoka ne—nechirairo, manheru ano. Hunenge huri cha—chaizvo usiku hune zvakawanda, nokudaro tichafara kuva newe, kana usina imwe nzvimbo kwaungaenda.

¹⁸ Uye tinoda kukoshesa Don Ruddell, ne—ne hama yedu, neHama Jackson. Zvino—zvino hama idzi ihama yedu, makereke maduku epano anobatirana nepano. Hama Jack Palmer vari nechekuno uku, vanotarira bo—boka riri zasi kuGeorgia. Uye ti—ti—tinoda kukoshesa varume ava nemoyo yedu yose. Nokuti, panguva dzatinenge tiine shumiro, pandinouya, zvino va—vanouya kuzotishanyira, uye tinozvikoshesa.

¹⁹ Ndinoona, mangwanani ano, shamwari yangu, Doctor Lee Vayle nemudzimai wavo. Ndacherechedza Hanzvadzi Vayle apo, kutanga, zvino ndaramba ndichitarisa kwese-kwese kuti ndione kuti Hama Lee vari papi. Zvino ndine, chitaurwa chezasi Kumawodzanyemba chakare, “vane mhosva yandichapedzerana navo,” munoona, pose pandinovawana. Ndakavatsvaka mazuva ose, pakonivhenisheni, kuti vange vari zasi ikoko vachindibatsira. Ndakati, “Saka, kana Lee akauya, muitei kuti aparidze, zvino ini ndichangonamatira varwere.” Takashevedzera zita ravo paruzhinji, nezvimwe zvose, uye hatina kugona kuvawana. Saka, ndiri—ndiri, ndaiwana, mhosva yokupedzerana navo, pandinenge ndotaura. Zvino tinofara kuve neHama neHanzvadzi Vayle muno, mangwanani ano.

²⁰ Uye zvizhida pane vamwezve vakawanda vatisingazivi. Ndiri kuona imwe hanzvadzi pano, ndinotenda, inobva kuChicago. Handikwanise...Ndinoziva boka riri pano, asi handikwanise kudoma mazita avo nemazvo. Saka ti—tinovakoshesa vabva kwese-kwese, pose pamuri.

²¹ Ndiri kuona hama pano, machinda maduku ari kuzogadzwa (vaduku mushumiro, zvisinei) mangwanani ano. Vaviri, hama dzedu dzechitema vanobva kumusoro kuNew York, vakawana magwaro avo kubudikidza nekereke yePhiladelphia, uye ndokupa kereke ino sekwanobva. Zvino tiri kuzoisa mawoko pamusoro pavo, kuti Mwari vagoropafadza shumiro yavo muNew York. Tine makereke maduku maviri kana matatu kumusoro ikoko, ndinotenda kudaro. Hama Milano vane rimwe remapoka maduku ikoko, uye tiri...tinovakoshesa. Zvino—

zvino hevanoi vamwe vavirizve vari kuenda kunogadzira, kunoitira vanhu shumiro ikoko. Uye ti—tinokoshesa zvinhu izvi.

²² Mwari vakuropafadzei zvikuru. Vakawanda; ndikatarisa kwese-kwese ndinoona vakasiya-siyana, uye haukwandise kudana mazita avo vose, asi ndinoziva kuti Anonzwisisa.

²³ Zvino, ndinotenda, kana hanzvadzi yedu, inoridza piano, kana mumwe wavo agouya pano kuzotiridzira.

Apo zimbe reMoto rakanga rabata muporofita,
Richimuchenesa nokuchena kwese,
Zvino shoko ra...inzwi raMwari parakati,
“Ndiani achatiendera?”
Zvino akapindura, “Ndiri pano, nditumei.”

²⁴ Kana, tichigadza vashumiri ava tinoisa mawoko pamusoro pavo. Zvino, tinocherechedza kuti nzira yeMagwaro yokugadza mushumiri kuisa mawoko pamusoro. Ndinofunga kuti ndipo apo hama dzedu dzeLatter Rain, kana kuti vanhu vekwaBattleford, nevamwewo, vakavhiringika; zvino pavakazviona, kuisa mawoko pamusoro, kupa zvipo zvemweya. Zvino, hatitendi kuti zvipo zvinouya nokuiswa mawoko pamusoro. Tinotenda kuti...kuisa mawoko pamusoro kubvumirana nezvatakaona nechekare. Maona? Inongori “ameni.” Maona?

²⁵ Zvino, pavakaisa mawoko pana Timoti, nepane hama dziya, vakanga vacherechedza kuti muvarume ava mune chipo. Rangarirai, “Mutsa chipo icho changa chiri mauri, chakabva kuna ambuya vako Roisi.” Zvino vakachiona chiri munaTimotio, nokudaro vakuru vakaisa mawoko pamusoro pake ndokumugadza. Kwete kuisa mawoko pamusoro pemunhu asina chakamboratidzwa nemaari, munoona. Zvino vakangokumbira maropafadzo. Uye tose tinozvitenda. Saka hatipe zvipo zvemweya; tinongozvicherechedza, zvino tozoisa mawoko pamusoro pavo, kuvapa rutsigiro, kuti tinotenda kuti Mwari vakaitira vanhu zvinhu zvakadai.

²⁶ Ndacherechedza, mangwanani ano, kumashure-shure, Hama McKinney veku...Ndinotenda ndiKinney kana kuti McKinney, mushumiri weMethodisti agere kumashure uko, achangobva mukugadzawo pano, zvakare, ndinotenda kuti ndizvozvo, kubva papuratifomu; kuti vanomira vachishanda vari kumusoro kuOhio, pamwe neHama Dauch neHanzvadzi Dauch, neboka rinobva kumusoro kuOhio.

²⁷ O, kana tose taungana pamwe chete, nzvimbo duku idzi dzichiuya pamwe chete, zvinoshamisa. Hapana sangano; hapana zvisungo zvipo hazvo, asi bedzi kunaJesu Kristu, ndizvo zvoga, munoona, kungo “gara pamwe chete munzvimbo dziri kuMatenga.”

²⁸ Zvakanaka, hanzvadzi, kana mukagona kutipa... Ngatingoimbai ndima imwe chete yechiya, “Apo zimbe reMoto rakanga rabata muporofita.” Ngatichiimbei pamwe chete zvino.

Apo zimbe reMoto rakanga rabata muporofita,
Richimuchenesa nokuchena kwese,
Zvino inzwi raMwari parakati, “Ndiani
achatiendera?”

Zvino akapindura, “Ndiri pano, nditumei.”

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,

Zvino hama dzichauya kumberi, kana mungazviita.

. . . uye ndichakasika kupin- . . .

²⁹ Regai dzimwe hama vashumiri dziuye kuno, kana vakagona,
vari kuzoisa mawoko pamusoro pavo.

. . . Ishe wangu . . .

Vanobatirana netabhenakeri pano, Hama Ruddell, Hama
Lamb, nevamwe. Ipo *pano*, kana mukakwanisa.

. . . uye ndichapindura, “Ishe, nditumei.”

Zvishoma zvino, ndapota.

O, mamiriyoni zvino ari muchivi
nokunyadziwa ari kufa;

Inzwai kuchema kwavo kune kusuwa kukuru;

Kasikai, hama, kasikai kunovanunura;

Nokukasika pindura, “Tenzi, ndiri pano.”

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,

Taurai, ndichakasika kuKupindurai;

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,

Taurai, ndichapindura, “Ishe, nditumei.”

³⁰ Zita renyu rinonzi ani, hama? [Hama inoti, “Orlando
Hunt.”—Mupepeti.] Hama Orlando Hunt, vanobva kuNew York
City. Ndizvo here? Uye Hama . . . [Imwe hama yacho zvino inoti,
“Joseph Coleman.”] Joseph Coleman.

Zvino chingotendeukira kuungano, hama dzangu.

³¹ Hama Hunt neHama Coleman, kudana kwaMwari kuri
pamoyo yavo. Uye sezvo tichangobva mukuimba chimbo
chiya, “Kune mamiriyoni zvino ari muchivi nokunyadziwa,
ari kufa.” Vakanzwa kuchema kuya kukuru kunosuwisa.
Uye tinovakumbira: kasikai, hama, kasikai kunovanunura!
Munoona, pindurai nokukasika, “Tenzi, ndiri pano.” Ndiwo
mapinduriro avari kuita, mangwanani ano.

³² Uye apo isu, sehama dzepakereke ino, neboka rino,
tinotsigira izvi, nokuisa mawoko edu pamusoro pavo
pamwe nokuvaita kuti vange vachibata pamwe chete
nesu, kuti vave zvapupu zvaJesu Kristu, netsigiro yedu
pano, kuti tichavatsigira muzvinhu zvose zvinoremekedzwa
uye zvakanaka, muEvhangeri. Ticharamba nguva dzose
tichinamatira varume ava, kuti Mwari vagovashandisa
kuVaremekedza. Uye dai shumiro dzavo dzikange dzakapfuma
uye dzakakura muNew York. Dai upenyu hwavo—hwavo hwange

hwakazara nokuVashumira, vachiunza zvisote zvakakosha kuHumambo. Dai vakararama hupenyu hwakareba, hune mufaro. Dai Ishe Mwari vavatsigira neHupo hwaVo husingaperi, nokuvapa hutano nesimba, uye nokuvachengeta vari mushumiro yaVo kusvikira Jesu Kristu azovadana kuMusha wavo wemunaZiendanakuenda Kudenga rezororo.

³³ Regai ungano ino zvino. . . patiri kukotamisa misoro yedu, zvino isu vashumiri toenda mberi kunoisa mawoko edu pamusoro pavo.

³⁴ Baba vedu voKudenga, tinoisa mawoko edu pamusoro peHama Hunt, nemuZita raIshe Jesu Kristu, seizvo zvatakaziva nezvavo, Ishe, vanga vakarurama. Uye tinoKutendai nokuda kwekudanwa uku muhupenyu hwavo, kushumiro. Ishe, taurai nemuhama iyi, awane mweya yevanhu, aunze rudzikinuro, Ishe, kune avo vari muhutapwa, zvose muhurwere ne—nemupfungwa, nepanyama nepamweya. Ishe, mupeiwo shumiro yemazvirokwazvo, kuitira kuti agokwanisa, pamagumo enzira yake, agotarisa kumashure mumuhwezva wakareba agoona kuti anga achikwanisa, nenyasha dzaMwari, kutapa muvengi wese. Kubudikidza naJesu Kristu Ishe vedu, tazvikumbira. Amen.

³⁵ Pamusoro peHama Coleman tinoisawo zvakare mawoko edu, sezvapupu, Ishe, kupa tsigiro pakudanwa kwavo, kuti isu, kereke ino, boka rino revanhu, tinovatenda semuranda waKristu. Uye tinokumbira kuti Muvaropafadze uye mugovapa shumiro huru, ine simba, kuti vagoKuwanirai mweya yevanhu, Ishe, nokudzikinura nhapwa, no—nokupwanya masimba aSatani, akapoteredza vanhu vaanowadzana navo. Mupeiwo, Ishe, hupenyu huzere nezvibereko, hutano hwakanaka nesimba. Uyewo, zvakare, kana achinge asvika kumagumo enzira, Mwari, itai kuti agokwanisa kutarisa achidzika nemuhwezva wakareba agoona apo, nenyasha dzaJesu Kristu, akakwanisa kudambura ngetani dzose dzomuvengi, kuti Mwari varumbidzwe.

³⁶ Baba voKudenga, dai varume ava zvino vachirarama nokushanda mugoho raMwari. Dai maropafadzo eNyu azorora pamusoro pavo uye ave navo kusvikira panguva patichaungana patsoka dzaTenzi vedu mukuru. NemuZita raJesu Kristu tazvikumbira. Amen.

³⁷ Mwari vakuropafadzei, Hama Hunt, vakupei shumiro izere nezvibereko. Mwari vakuropafadzei, hama, uye vakupei shu—shumiro izere nezvibereko, zvakare. Mwari vakuropafadzei. Zvakare:

Apo zimbe reMoto rakanga rabata muporofita,
Richimuchenesa nokuchena kwese,
Zvino inzwi raMwari parakati, “Ndiani
achatiendera?”
Zvino akapindura, “Ndiri pano, nditumei.”

O, taurai, wangu... (Dai Akataura kumoyo
yechidiki yakawanda)... taurai, Ishe
wangu, (Vakadanwa naMwari!)
... uye ndichakasika kuKupindurayi;
Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,
Taurai, ndichapindura, "Ishe, nditumei."

³⁸ Tinotenda Mwari zvikuru mangwanani ano nokuda
kwekuremekedzwa kukuru uku, kwekereke ichipupurira
kutumirwa kunze kwevashumiri mumunda wevhangeri muzuva
rino rokupedzisira. Nyasha dzaMwari dziende nemi, hama
dzangu! Ndinotarira kuti achakutumirai kunyika dziri kunze
uye nepasi rose, muchiparidza uhu hupfumi hwakadzama
hwaJesu Kristu, uko kwahunodiwa zvikuru. Huri kunyatsodiwa,
nenyika nhasi.

³⁹ Iye zvino, pane zvinhu zvakanaka zvakawanda izvi,
tinotogofanira kutora zvisihoma *pano* nezvimwe zvisihoma
apo, kuitira kuti tigozviwana zvose mushumiro mangwanani
ano. Zvino nhasi tiri... Ndiri kutaura pamusoro pechidzidzo
chandiri... Dzimwe nguva handifarire kuuya kunguva idzo
dzinonyatsotyisa kwazvo.

⁴⁰ Zvino, musi weSvondo wapfuura, kana vamwe venyu
makanga musiri pano uye—uye musina kuwana Mharidzo
ye*Eksodho YeChitatu*; uye kana muchida matepi, ndinotenda
kuti muchanakidzwa naiyoyi, *Eksodho YeChitatu*.

⁴¹ Chii chatiinacho, mukomana ari kurwara pano, kanawo
zvimwe? O, mukomana muduku, akaremara. Hongu. Dai
Mwari vamuropafadza. Ndizvozvo. Zvakanaka. Panenge pave
kupera shumiro, tichaenda kunonamatira varwere, zvakadaro,
munoono. Saka isu, iye zvino, tiri...

⁴² Tinokukumbirai, kana muchikwanisa, kuti muwane
Mharidzo, ye*Eksodho YeChitatu*, nguva yechitatu apo Chiedza,
Mutumwa waJehovha uyo akadanira vanhu paeksodho,
Akazviratidza zvinooneka panyika, mueksodho. Maona?
Ndinofunga kuti zvakanyatsotsaurwa, kwandiri: eksodho
yechitatu!

⁴³ Mungaita basa nazvo here ndikabvisa jasi rangu?
[Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti.] Muri kudziya zvikuru
mutabhenakeri mangwanani ano, zvino chinotonhodza
mweya choga chatiinacho ndeapo—ndeapo paunokwanisa
kuzvipumhira mweya. Unofanira kuzvigadzirira simba rako
pachako. Saka tiri kuronga, rimwe zuva, kuisa muchina
unotonhoreza imo muno, patinongokwanisa kuti zvinhu
zvigadziriswe.

⁴⁴ Zvino, tingazvifarire, kana imi—kana imi muchida ku—
kunzwa Mharidzo, *Eksodho YeChitatu*. Iye zvino, takava
nemaeksodho akawanda, asi tinonyatsokwanisa kuisa ruwoko
rwedu panzvimbo, nguva, yemaeksodho matatu ayo Mwari,

ari muchimiro cheShongwe yeMoto, akadzika pasi kuzodana nokupatsanura vanhu. Uye zvino iri kupatsanura vanhu.

⁴⁵ Uye tinoona kuti, paAkadana eksodho yaKe yekutanga, Akaenda mberi kwavo ari Mushongwe yeMoto, ndokuvatungamira kuenda ku...kuvatungamira kune nyika uko nokufamba kwenguva Akaonekwa pamberi pavo, ari muchimiro cheMunhu anonzi Jesu Kristu. Akabva kunaMwari, ndokuenda kunaMwari. Zvino va...zvino Akarambwa. Uye Akauya zvino kuzodana vanhu vabude kunze—kunze kwechinhano chehurongwa chavakanga vapinda machiri, sechavaiva nacho zasi muEgipita, vakanga vazvipira kuchivi nekunzi—nzira dzevaEgipita. Zvino Mwari akavadanira kuchivi.

⁴⁶ Uye zvino tinoona, nguva yechipiri, vakanga vazvipira pasi pehutapwa kuHumambo hwe—hweRhoma. Zvino vakatsauka muzvitendwa uye ndokubva pakuperera kuzere kwekushumira, zvino Mwari zvakare vakatumira imwe eksodho. Zvino ivo... Akaoneka ari muchimiro cheMunhu akatungamira vanhu.

⁴⁷ Mueksodho yokutanga, Aiva Shongwe yeMoto. Zvino, paAkauya panyika, munyika iyo yaAkavatungamira. Mufananidzo wakanaka zvakadini sezvazvichava muMireniyamu, uko kwaAri kutungamirira Kereke iye zvino. “TichaMuona sezvaAri, uye tichava nemutumbi wakafanana newaKe pachaKe wakabwinyiswa.”

⁴⁸ Uye nhasi, neChiedza cheEvhangeri chichipenya kubva paChiedza, Shongwe yeMoto ichionekwa nemeso pakati pedu! Sainzi yakaIona. Iri mumamagazini, uye pasi rose. Uye Iyo, vose panezvesainzi nezvepamweya, yakazivikanwa seShongwe yeMoto imwe chete, nezviratidzo zvimwe chete pamwe nezvinhu zvimwe chete zvaYagara ichiita. Uye zvino pakati pemazuva pane kupengereka kwakawanda nezvimwe, zvakadaro, Mwari nguva dzose vanoZvizivisa. Iye zvino tinozviona.

⁴⁹ Uye chinhu chinobwinya zvakadini kuzviziva kuti, “Tabhenakeri ino iyi yepasi, rimwe zuva,” mutumbi uno wakare waperezeka watinorwarira nokutambudzwa tiri mauri, “uchashandurwa zvino wobva wagadzirwa semutumbi waKe pachaKe wakabwinyiswa; zvino tichaMuona sezvaAri,” uye togova naYe muNyika iyo kwatiri kuenda nhasi. O, ndinga... zvapotsa zvatiita kuti timire toimba *Ndiri Kuenda Kunyika Yechipikirwa*. Pamwe vachange vachichiimba pashumiro yerubhabhatidzo, zvakadaro, nokuti ndicho chimbo chedu cherubhabhatidzo.

⁵⁰ Zvino kuhama, vose vari pano nekunyika kunoenda matepi, zvino kupoterredza pasi rose. Mharidzo idzi hadzina mumwe munhu wadzakanangana naye. Uye hatिंगadi kuti vanhu vafunge kuti tiri kamwewo kaboka, kana rimwe boka remipengo yazviunganidza pamwe chete, “kuzvipatsanura, sokunge, tisina kuTenda,” kana kuzvipatsanura tichipesana nemumwe munhu,

kana—kana kupesana naMwari, kana kupesana neKereke. Tinoda Kereke. Asi tiri kungoedza kunongedza, neMweya Mutsvene nebetsero yaKe, chikonzero chekupatsanura uko kwatinako nhasi. Isu, hatitende makuri.

⁵¹ Tinotenda kuti makereke ose anofanira kunge achiyanana pamwe chete, asina kupatsanurwa; maMethodisti kuboka ravo, uye maBaptisti kune ravo, neveOneness, nemaTrinitariani, nechero vapi zvavo, vose vakapatsanurwa. Tinotenda kuti inofanira kunge iri pamwe chete, seboka rimwe guru rakabatana reMutumbi waJesu Kristu, rakamirira Kuuya kwakabwinyiswa. Havafanire kunge vakapatsanurwa, zvachose.

⁵² Chii chinoipatsanura, panofanira kuva nechimwe chikonzero sei tisiri pamwe chete. Mukuzvinzvera, ndinocherechedza, mukuzvinzvera, handi ruvara rweganda redu; nokuti, yero, dema, bhurauni, nejena, ose anopatsanurana mumasangano akasiyana-siyana. Handi mhando yechikafu chatinodya; tose tinodya chikafu chakafanana. Tinopfeka mhando imwe chete yenguwo, nezvimwe zvakadaro. Asi ndinonyatsoona chaipo pazviri, munhu akabva pagwara chairu redzidziso yeEvhangeri, munhu wese.

⁵³ Uye panofanira kuva neimwe nzira yekunyatsoratidza kuti ndechipi chechokwadi nechakakanganisa. Zvino nzira yoga yauchazviita nayo, ndeyekusaisa dudziro ipi zvayo kuShoko, ingoRiverenga sezvaRiri uye ugoRitenda nenzira iyoyo.

⁵⁴ Munhu wese achiisa yake bedzi, dudziro yake, inoRiita kuti ritaure zvimwe zvakasiyana, zvobva zvaizosa kusangano rokutanga rekereke yeKatorike. Apo, kereke yeKatorike inotenda kuti Mwari vari mukereke yaVo, “Uye Shoko harinei nechokuita nazvo; uye Mwari ari mukereke yaKe.”

⁵⁵ Zvino isu maProtestanti, sezvatinoona, uye seZvakazarurwa 17, kuti vose havo vakaungana pamwe chete, uye kuti kereke yeKatorike ndiyo yaiva “amai” vemasangano ose. Uye tinoona kuti sangano remaProtestanti, asi muhupofu, muhupofu, rine hunhu humwe chete hwekereke yeKatorike. Bhaibheri rinodana kereke yeKatorike kuti “mhombwe,” nokudana kereke yeProtestanti kuti “zvipeve,” rakataura kuti mhombwe yaiva “amai vezvipeve.” Zvino ava vanhu, anova mudzimai ane hunhu husina kururama asingarame zvakatendeka kumhiko dzake dzemuchato.

⁵⁶ Uye tose tinozviti tiri Mwenga waKristu, kunyange pasina kutendeka zvachose. Chii chinotisa kusatendeka? Nokurama zvinopesana nemu—murairo wakaiswa naMwari kuti Mwenga waKe agorarama nawo. Ndiwo mawonero angu pachangu, Bhaibheri, Ndiro Shoko raMwari risingakundike, ndinotenda.

⁵⁷ Zvino, nokudaro, tinoona kuti kereke yechiProtestanti, kuti vave nesangano, inozvipatsanura kubva kuMagwaro, kuti iumbe

sangano rayo. Vashumiri, vakagadzwa, vanobatirira kuzvinhu zvavano . . .

⁵⁸ Zvino, vanouya mukamuri yangu yekuverengera nemumakamuri, vari mazana, vachindiudza, “Hama Branham, munodanira vanhu kuzokupikisai. Hapana munhu ari kuzomira kunze uko achiZvipikisa. Vanoziva kuti Ichokwadi.”

Handiti, ndinoti, “Sei, seiko musingazviite?”

⁵⁹ “Saka, munoona, ndikazviita, ndichange ndave kupemha chokudya changu. Hapana munhu. . .Ndine shumiro. Ndinofanira kusvika kunaShe, uye ndinofanira kusvika kuvanhu. Zvino ndinenge ndichisina rutsigiro.”

⁶⁰ Munonyatsocherechedza here kuti Kristu ndiye rutsigiro rwedu! Bhaibheri ndiro rutsigiro rwedu. Maona?

⁶¹ Asi, izvi, munoona, zvararo zvinokandira kereke ye—yechiProtestanti kuva chaizvo chinhu chimwe chete chiri kereke yeKatorike.

⁶² Kereke yeKatorike haina hany’n’a. . .Zvakanaka, handisi kuti. . .handizviiti kuti zvishore zvakadarro, kutaura kuti havana basa nezvinotaurwa neBhaibheri. Va—vanotenda Bhaibheri, asi, munoona, vane. . .Kugara nhaka yechiapostora ndipo pane nheyo yekereke yeKatorike. Ndiko kutevedzana pachigaro kwanapapa, uye vanoti Petro ndiye papa wavo wokutanga, zvichidzika zvakadarro. Zvino, ivo, vanozvitenda. Ivo, vanonyatsozvitenda zvachose.

⁶³ Zvino muProtestanti, munoona, va—vanoungana pamwe chete zvino vova nesangano chaizvo sezvavakaita paNicaea, Rome, apo pavakagadzira ke—kereke yeKatorike ne. . . paNicaea Council. Tinoona kuti vose vaviri vakafanana. Vose vakafanana. Vanosiya Shoko raMwari, vachigadzira sangano. Maona? Zvino kana zvasvika paZvokadi huru dzakawanda dzinoita sedzisinganzwisiki nhasi, havaDzizive, nokuti vakangodzidziswa bedzi netsika.

⁶⁴ Hatina tsika kunze kweBhaibheri. Hatina chimwe chinhu kunze kweShoko Dzvene raMwari, uye Ndipo patinomira.

⁶⁵ Uye zvino, nhasi, ndiri kuda kuverenga rimwe Gwaro, kwechinguvana, kubva muShoko raMwari dzvene, rakayereswa, rinowanikwa kubva muBhuku raMutsvene Ruka. Chitsauko 23 chaMutsvene Ruka, kuisa hwaro, kuwana hwa—hwaro hwezvandi—ndiri kuda kutaura, pfungwa duku pachinhu chandiri kuda kutaura nezvacho. Zvino mave kuzarura kunaMutsvene Ruka, chitsauko 23, uye ndinoda kuverenga ndima imwe chete. Ndizvo zvoga zvandiri kuda sehwaro mangwanani ano, pokuiisa. Iye zvino tinoverenga yechi 20. . . chitsauko 23, ndima 33 yechitsauko 23.

Zvino vakati. . . vasvika panzvimbo, inonzi Karivhari, ipapo ndipo ivo pavakaMuroverera, navatadzi, mumwe kurudyi, mumwe kuruboshwe.

⁶⁶ Zvino ndinoda kutora mashoko mana kubva ipapo, kubva pakuverenga uku, ndiwane hwaro hwezvandiri kuda kutaura, “ipapo ivo ndipo pavakaMuroverera,” mashoko mana. Uye zvino chidzidzo changu chinonzi. . . Ndi—ndiri kuunza kupomera mhosva kumakereke emasanganano ezuva rino, uyewozve nekune mamwe akawanda akazvimiririra, yekuroverera Jesu Kristu pamuchinjikwa patsva muzuva rino. Ndiri kuvapomera mhosva! Mangwanani ano, inonzi: *Kupomera Mhosva*.

⁶⁷ Ndiri kuda kuchishandisa sekunge zvakafanana nekamuri yedare remhosva, apo panenge. . . Uye ndizvowo, purupiti nekereke ikamuri yedare remhosva. Bhaibheri rakati, “Chigaro chokutonga, kuti—kuti kunofanira kutangira muimba yaShe.” Zvino iyi inoita sechi—chigaro cheushe uye—uye dare, nezvapupu, nezvimwe zvakadaro. Zvino ndine pano, nhasi, chiri chapupu changu, iShoko raMwari.

⁶⁸ Zvino kupomera kwangu mhosva kuri kumakereke anhasi. Zvino handi—ndisi kuunza mutadzi mune izvi. Ndiri kungotaura izvi kukereke. Uye zvicha—zvichange zviru muma—ma—matepi zvino, uye ndi—ndichaedza kupedza nokukasika kwese kwandinogona. Ndinopomora chizvarwa chino nokuda kwekurovererwa kwaJesu Kristu kwechipiri.

⁶⁹ Uye zvino kuita zvakadai muzera rino ratiri kurarama mariri, ndi—ndiri kuzviita, ndinofanira kuratidza umboo. Kana ndichifanira kunge ndichipomera mhosva, unofanira kuratidza umboo hwemhosva yacho yakaparwa. Ndi—ndinofanira, kuvapomera mhosva, ndi—ndinofanira kuunza um—umboo kuzviratidza, kuti ndizvo, kuti zvandiri kutaura zvinomira pamberi peMutongi mukuru. Apo, ndinozvitora ini pachangu segweta kuti. . . pakupomera uku. Kutu, Shoko raMwari, riri chapupu changu, ndinopomera chizvarwa chino nokuda kwekurovera pamuchinjikwa.

⁷⁰ Ndinofanira kuratidza, uye ndicharatidza, kuti mweya mumwe chete uri pavanhu nhasi uyo wakaunza kurovererwa kwekutanga, uye nokuita zvinhu zvimwe chete. Ndi—ndinofanira kuzviita, kana kuri kuzorevererwa pamuchinjikwa, kuti vakaroverera. Ndinofanira kuratidza kuva—vanhu kuti maonero mamwe chete ari muvanhu nhasi ari kuita zvimwe chetezvo, pamweya, izvo zvavakaita panyama kareko. Vakaroverera, panyama, Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Uye zvino, nhasi, neShoko rimwe chete, uye neMweya Mutsvene mu—mumwe chete neShoko rimwe chete, ndi—ndinoda kuratidza makereke ayo—ayo paamire, kuti ari kuita chinhu chimwe chete nhasi, uye Bhaibheri rakataura kuti aizozviita, uye nokuratidza kuti rino ndiro zuva ratiri kurarama mariri.

⁷¹ Zvanga zvisingagone kuitwa makore mashoma apfuura. Ndinoti, makore makumi mashanu apfuura zvanga zvisingagoni kuitwa, asi nhasi ndiyo nguva yacho chaiyo. Uye hazvaigona kunge zvakaitwa, zvichida, makore gumi apfuura, asi zvinogona kuitwa nhasi nokuti ngu—nguva yapera. Tave—tave panguva yekuguma. Uye ndinotenda, semuranda waKe, kuti tave—tave pedyo kuyambuka kubva munyika ino, kuenda kune Imwe.

⁷² Nokudaro, nguva yokutendeuka, yenyika, yapera. Ndinotenda kuti nyika ino haichagona kutendeuka. Ndinotenda kuti yakayambuka muganhu uri pakati petsitsi nekutongwa. Ndinotenda kuti iri kuzunguzika iri muchikero.

⁷³ “Hama Branham, musati matanga nyaya yenyu, ko muchazviratidza sei?”

⁷⁴ Izvozvi, kuti tine mhosva yezvivi zvimwe chete izvo Mwari vakaparadza nyika nokuda kwazvo, munyika iya yokuzoparadzwa nemvura. Tine mhosva yezvivi zvimwe chete zvaVakaparadzira nyika muSodhoma neGomora. Uye, zvino, uye tine humboo hwose hwepamweya humwe chete huri pamberi pedu, humboo hwose humwe chete hwepamweya, hunozivikanwa pasi rose, hwakaunza pasi tsitsi dzaMwari pazvizvarwa izvozvo. Nokuti, zvakare, kuramba, zvakaunza kutongwa. Saka kana chizvarwa chino chakaramba tsitsi dzimwe chete dzakarambwa mumazuva iwayo, Mwari vanenge vasina nduramo kuvasiya vakadaro vasina kutongwa.

⁷⁵ SaJack Moore, imwe shamwari yangu, akamboti, “Kana nyika ino ikasiyiwa yakadaro isina kuwana murango kubva kunaMwari, zvino Mwari vanenge vasungirwa kumutsa Sodhoma neGomora vokumbira ruregerero nokuda kwekudzripisa nemoto.”

⁷⁶ Iye zvino, tinoziva kuti pamweya vari kuita chinhu chimwe chete nhasi, nokuti vari kuzviitawo, zvakare, nechinangwa chimwe chete, uye nenzira imwe chete yavakaita mukurovererwa pamuchinjikwa kwaShe, panyama. Vari kuzviita nokuda kwegodo, nokuda kwehupofu hwepamweya. Nokuti, havadi kuona. HavamboZvitereri.

⁷⁷ Jesu, parwendo rwake pano panyika, Akati, “Isaya wakataura chaizvo nezvenyu, ‘Mune meso asi hamukwanise kuona, nenzeve asi hamukwanise kunzwa.’” Maona?

⁷⁸ Chikonzero chimwe chete, chinangwa chimwe chete—chimwe chete uye nemafungiro mamwe chete, vari kuunza kurovererwa kwaKristu patsva, patsva, (sezvo tichasvika kwazviri mushure mechinguva), nokuda kwezvikonzero zvimwe chete zvavakazviitira kareko.

⁷⁹ Hapana mhosva yavanogona kuRiwanira. Havatombodi zvokuedza kuRipikisa. Uye vanoziva kuti umboo hwacho huripo. Uye vanoziva kuti Bhaibheri rinotaura kudaro. Zvino chinhu

choga chavanogona kuita kuRimhura. Ndizvo chaizvo. Saka, nezvose izvi, zvikonzero zvimwe chete.

⁸⁰ Uye zvino, nokuda kwaizvozvi, ndinopikisa chizvarwa chino nokuroverera Jesu Kristu; nokuroverera, uye nemhosva; nemawoko ane tsvina, ane utsinye, ane undini, esangano vakaroverera pamuchinjikwa Muchinda weUpenyu akanga achida kuZviratidza kuvanhu.

Unoti, “Munhu mumwe chete?”

⁸¹ “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama, zvino ndokuzviratidza pachaRo.” Shoko rakaratidzwa munyama, zvino vakapomera nyama mhosva ndokuiuraya, nokuti Shoko rakaratidzwa. VaHebheru 13:8, yakati, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndiro Shoko rimwe chete. Maona? Uye, nokuda kwechikonzero chimwe chete, vari kuedza kuroverera Shoko pamuchinjikwa.

⁸² Iye zvino, kuchidzidzo changu, kudzokerazve kuchidzidzo chandiri kuda kutora. “Ipapo,” mashoko mana, regai titsanangure, “ipapo.” “Ipapo,” guta dzvene pane ose pasi rose, Jerusarema. “Ipapo,” guta gurusa pane zvekunamata pasi rose. Ipapo, “ivo,” vanhu vanamati kudarika vanhu vose pasi rose, vari pamutambo wekunamata, mutambo wePasika. “Ipapo,” nzvimbo hurusa yezvekunamata, guta gurusa pane zvekunamata, sangano gu—gurusa pane ose, musoro wao ose. Ipapo, “ivo,” vanhu vanamati kudarika vanhu vose pasi rose, vakanga vaungana vachibva pasi rose. Vaka “roverera,” rufu runonyadzisisa rwaigona kuvapo, kuuraya, munhu aigona kuuraiwa; asina kusimira, vakaMukumura nguwo. “A—Akazvidza kushorwa.” Ivo . . . Muchinjikwa une chi—chi—chijira chakamoneredzwa paAri; asi vakaMukumura nguwo dzaKe. Zvainyanyisa kunyadzisa!

⁸³ “Ipapo,” guta gurusa rezvekunamata, “ivo,” vanhu vanamati kudarika vanhu vose, “vakaroverera,” nerufu rwunonyadzisisa, “Iye,” Munhu akakoshesesa. Ndokunge kana zvisina kukwana kupomera chizvarwa chino!

⁸⁴ “Ipapo,” sangano rezvekunamata rakadarika mamwe ose, kereke hurusa pamakereke ose yakaungana panzvimbo imwe chete. “Ivo,” vanhu vanamati kudarika marudzi ose, vanhu vaifanira kunge vari ivo chaivo vanonamata Mwari. Vakaungana pamutambo mutsvene mukuru kudarika mimwe yose yavainayo, kucheneswa kwe . . . Pasika, pavakaunzwa kubva muhuranda vachiiswa murusununguko. Zvino “ipapo” panguva iyoyo, “ivo” panguva iyoyo, vanhu vanamati kudarika vose, mumutambo wekunamata unodarika mimwe yose, panzvimbo hurusa yezvekunamata, ndokuunza paMuchinda weUpenyu chinhu chinonyanyisa kunyadzisa chaigona kuitwa, kukumura Munhu nguwo dzose nokuMurembedza pamuti. Nokuti, “Akaturwa

uyo,” ndizvo zvakataura murairo wavainamata nawo, “akaturwa uyo anoremba pamuti.” “Zvino akaitwa chituko nokuda kwedu.” Kukumura hanzu dzaKe dzose, kuMurova, nokuMunyomba, Mwari chaiye weKudenga; vachitora nguwo dzaKe kubva paAri, zvino ndokuMurovera pamuchinjikwa. Iye! “Ipapo ndipo ivo pavakaMurovera,” pasi pemutongo weRhoma werufu.

⁸⁵ Rufu rwunonyanyisa kunyadzisa nhasi hakusi kupfurwa. Rufu rwunonyanyisa kunyadzisa nhasi hakungambori kufa watsikwa nemotokari, kunyura mumvura, kutsva nemoto. Asi rufu rwunonyanyisa kunyadzisa nhasi kutongerwa rufu nehurumende, apo pasi rose rinokupomera mhosva rokuti une mhosva.

⁸⁶ Zvino pasi rose rakaisa mawoko aro paMunhu uyu ndokuMuti ane mhosva, apo Iye asina mhosva. Zvino akafira pasi pemuvengi, (kwete shamwari dzaKe, kwete mirairo yaKe), asi pasi pekurovera pamuchinjikwa nemuvengi. Muchinda weUpenyu, Munhu akakoshesesa ati amborarama, kana achazorarama, Jesu Kristu. “Iye,” Munhu akakoshesesa! Zvichengetei mupfungwa zvino patave kuvaka hwaro hwezvanhasi.

⁸⁷ Mungafungidzire here, panzvimbo yakaita seJerusarema, apo kwemazana makumi maviri nemashanu emakore, kana kudarika, kuti vanhu...kana mazana emakore. Ndinogona kunge ndati rebesei ipapo. Zvaigona kunge zvatora kuda mazana masere kana mapfumbamwe emakore, kanawo mamwe. Handinyatsozivi kuti mangani, pakareba zvakadini, kubva panguva iyo Soromoni akavaka temberi. Ndinofungidzira, kuda makore mazana masere, zvimwe zvakangodaro.

⁸⁸ Uye vanga vakatarisira Mhesiya aiuya. Vakanga vaungana ipapo pashumiro yePasika. Chingozvifungai zvino! Mukuru wavose vaFarise, vaSadhuse, newese hake, gungano rimwe guru, kuti vanamate Mwari. Nzvimbo tsvene-tsvene, Jerusarema, tembere yaShe, uye vanhu vaShe, vakatora Ishe pachaKe ndokuMurovera pamuchinjikwa, nekumutongerwa rufu. Chinhu chakadaro!

⁸⁹ Zvino mashoko mana, ivo, “Ipapo ndipo ivo pavakaMurovera.” Zvino, muchiri kungoratidza Bhaibheri, munooni. Anongori mashoko mana, asi Bhaibheri rinopfupisa Zvokwadi yaRo.

⁹⁰ Iye zvino, ini, ndinofanira kutopotera, ndotsanangura zvandiri kutaura pamusoro pazvo, asi Bhaibheri harisungirwe kuwana charinotsanangura. Rose zvaro rinongori Chokwadi, saka bha—bha—Bhaibheri harisungirwe kuwana charinotsanangura. HaRi—Risungirwe kutsanangura, nokuti Rose iChokwadi.

⁹¹ Heanoi mashoko mana erundaza rwaRo rweChokwadi. Ndichaedza kuRwutsanangura. Uye nokuedza kuRwutsanangura, zvakajeka, zvinogadzira library. Hapana nzira yokuti nditsanangure mashoko mana aya. Asi zvino ngatidaro, nerubatsiro rweuYo Akaita kuti Rinyorwe, ndoedza kutsanangura mashoko mana aya, ndozviunza nenzira yokuti vanhu vanozvinzwisisa.

⁹² Icho chatinacho mberi kwedu zvino, tine kurovererwa pamuchinjikwa kwekutanga kuri pamberi pedu; panzvimbo tsvene-tsvene, *vanhu* vanamati kudarika vose, *rufu* rwunonyanyisa kunyadzisa, ku*Munhu* akakoshesesa. O, zvinonyatsopesana. Ini zvangu, o, ini zvangu, zvinonyadzisa!

⁹³ Zvino ngatitorei, kutanga, shoko rekutanga, “ipapo.” Ngatitauri nezvaro kwemaminisi mashoma tisati taunza kupomera mhosva. Tichazvidimbura-dimbura tigokuratidzai zvakavange vari kuita, zvino tinozoono kana kupomera kwangu kuri kwemazvirokwasvo kana kuti kwete. “Ipapo,” Jerusalem, nzvimbo tsvene-tsvene yakareruka, nokuti tembere yakanga iri ipapo; nzvimbo tsvene-tsvene, nokuti, iyo, tembere, yakanga iri ipapo. Zvino maJudha aibva pasi rose aiungana panzvimbo iyi, nzvimbo yokusanganira yokunamata. Hurusa...nzvimbo hurusa yezvekunamata yaivepo, yaive paJerusalem. Tembereg yakanga iripo. Nokuti, “Zvakanyorwa, ‘Vanhu vose vanofanira kunamatira paJerusalem,’” zvakanaka, nokuti ndiyo muzinda wezvokunamata.

⁹⁴ Uye nhasi unovanzwa, mumwe wavo anoda kuti, ivo, “O, tauya kumakonivhenisheni makuru aya,” uko masanganano aya kwavainayo. Uye—uye zvino tine ku—kuzarurwa kwe... paVatican City, ne—nekugadzwa kwanapapa, nezvimwe zvakadaro. Ivo, munhu wese anoti, “Tinofanira tose kuita kunhandare dzekunze dzemaMethodisti, kana konivhenisheni ye—yeBible Baptisti.” Kana—kana, “Tinofanirwa tose kuti tiende ku—kuRome, zvino ndipo pane muzinda mukuru,” wavanoti, “weChikristu.”

⁹⁵ Munguva yehondo yekupedzisira, Rome payakakundwa, masoja aya ekuGermany...Vazhinji venyu imi vakomana munoziva nezvazvo. Masoja ekuGermany aya akapinda muVatican City imomo, vachiridzira pfuti vekuAmerica pavakanga vave kuenda ikoko. Hama Funk, neHama Roberson, nevamwe vakawanda, neHama Beeler, nevazhinji vehama dziya dzaive muhondo iyi, vanoziva. Zvino munozivei? Takapa rairo yokuti havaikwanisa kupfura guta iri. Vanhu vemuAmerica, makamirapo, zvino makange mave pokuti vaigona kukupfurai. Asi paWest...Westminster Abbey pa...muEngland, zvanga zvisina basa maigona kuiridzira pfuti; ndipo pakaungana maProtestant. Saka zvanga zvakanaka kuridzira pfuti, asi kwete kuridzira pfuti kuVatican. Nokuti, seMutungamiri wenyika Roosevelt...ndakanzwa nhauro yake paaka—paakaisa

panhepfenyuro manheru iwayo, inonzi, A Fireside Talk. Akati, “Rome payakakundwa,” akati, “zvinonyadzisa sei, nokuti Rome ndiyo musoro wezvose zveChikristu.” Mungazvifungirewo here muProtestanti achitaura zvakadaro?

⁹⁶ Saka muzinda mukuru wechinamato cheChikristu, saka, ticha—tichazviita seJerusarema, kana muchida. Kana muchida kudaro, ngatizviisei paJerusarema. Nzvimbo huru yeveose ava, va—va—vaSanhedrini, ne—newevaFarisei, newevaSadhuse, vose zvavo vaikwira kuenda kuJerusarema. Ndiwo waiva chaiwo muzinda.

⁹⁷ Mune zvehupenyu hwemumasangano, munofanira kubvuma kuti Kereke yeRoma Katorike ndiyo amai vedzose. Zvirokwazvo ndiyo. Uye yakatangira paPentekosti. Ndipo pavakasvika pavakavaka sangano. Zvino isu, maProtestanti, tinongori vanun’una vaduku vakabva pakereke iyi. Uye zvino ngatitii inenge iri ipapo paVatican, nhasi.

⁹⁸ Kana kuti, uko kuJerusarema, sezvazvaiva pazuva riya, “Apo vanhu vose vanofanira kuuya kuJerusarema kuzoshanda... namata.” Sei vakazviita mumazuva a—aJesu? Sei vaiti munhu wese anofanira kunamatira paJerusarema? Nokuti, pane nzvimbo imwe chete iyo Mwari anoyanana nemunhu, panova pasi peropa rechibairo. Ndicho chikonzero vaifanira kuuya kuJerusarema.

⁹⁹ Mwari havana kumwe kwavanombofa vakasangana nemunhu kunze kwepasi peRopa. Kana ukaramba Ropa, zvino nzvimbo yako yokusangana naMwari inenge yabviswa. Mwari vakatora sarudzo yavo yokutanga mubindu reEdheni, kuti munhu anongoMunamata bedzi ari pasi peropa rakadeurwa rechibairo. Zvino ndiyo nzvimbo yoga iyo Mwari vaisangana nemunhu kareko, uye ndiyo nzvimbo yoga iyo Mwari akambobvira asangana nemunhu.

¹⁰⁰ Uye ndiyo nzvimbo yoga yaAnosangana nemunhu nhasi, pasi peRopa rakadeurwa reChibairo. Maona? Handina basa kana uri muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani; kana ukagona kukanganwa misiyano yenyu, Roma Katorike, chero chaungave, zvino wouya pasi peRopa rakadeurwa, Mwari vanosangana nesu tose ipapo. Ndipo patinogona kusangana tose toyanana tiri panzvimbo imwe chete. Asi, zvikasadaro, haAzogona kusangana nokuda kwekungoti uri muMethodisti; haAzogona kusangana nokuda kwekungoti muri maPentekosti. Anozosangana newe pasi pechinano chimwe chete, chinova, pasi peRopa rakadeurwa, kana zvivi zvako zvareururwa zvino zvobviswa muHupo hwaKe, zvadaro, neRopa. Zvino Ropa rinogara nguva dzose riri pamberi paKe, nokudaro Anongogona bedzi kukuona nemuRopa rakadeurwa. Zvino unenge wakachena semazaya echando, munoona, kana uchinge wareurura zvivi zvako. Zvikasadaro, iwe haupo, haukwandise kuyanana.

¹⁰¹ Ndicho chikonzero sei musiri kuona zvinhu zvichiitika mumakereke. Vanopupura kuti vanotenda Ropa, asi vanoramba zano racho rokuti vawane Ropa; Shoko. Maona? Pane nzira imwe chete iyo Mwari vanoremekedza Shoko iri. Hauzomboremekedzi Shoko iri, ukauya uchiti, “Ndiri muRhoma Katorike. Ndiri kuraira kuti *zvakati* zviitwe.” Haukwanise kuzviita. Methodisti, Baptisti, kana maPentekosti, haukwanise kuzviita.

¹⁰² Nzira yoga yaunokwanisa kuzviita iri pasi petsitsi dzaMwari, kubudikidza nenyasha dzaKe, kuuya nemuRopa rakadeurwa raJesu Kristu, woti, “Ishe, ndinotora vimbiso.” Maona? Uye zvino kana uri chaizvo pasi peRopa iri, Mwari vakasungirwa kuShoko irori. Asi, kutanga, unofanira kunge uri pasi peRopa irori. Muri kuzviona here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁰³ Ndosaka vasingatendi mumashura. Ndosaka musingakwanise kutenda mune zvemweya. Ndosaka vachizvipomera mhosva. Chikonzero chimwe chete chavakazvipomera kareko, ndicho chikonzero chimwe chete vari kuzvipomera nhasi. Vane mhosva iri pachena. Nokuti, pasi peRopa bedzi!

¹⁰⁴ Zvino avo vanozviita, imwe hama duku inozviita, pasi pekuzvinipisa, kutora Mwari paShoko raVo, ofamba achienda oreurura zvivi zvake, zvino okanganwa zvitendwa zvose izvi nezvimwewo, zvino omira ipapo ari pasi peRopa achiRitenda, zvino vanoda kumudana kuti “mupengereki.” Vanoda kumuisa muboka re... sekutaura kwatingazviite; harisi shoko rakanaka kushandisa papurupiti, asi kuti mungonzwisisa, iye “munhu asinganzwisisike.”

¹⁰⁵ Futi, tose hatisi here vanhu vasinganzwisisike? Munoono, mutendi haanzwisisike kumunhu asingatendi, uye asingatendi haanzwisisike kumutendi, saka ndiyani asinganzwisisike? Maona? Murimi haanzwisisike kumunhu wemabhizimu; munhu wemabhizimu haanzwisisike kumurimi, munoono, saka ndiye ani, zvino?

¹⁰⁶ Ndinokutaurirai, ruponiso inyaya yedungamunhu pakati pemunhu naMwari, oga, munhu mumwe chete, “tichitsvaka ruponiso rvedu pachedu nokutya nokudedera.” Uye hapana imwe nzira yandinoziva, semudzidzisi, mangwanani ano, kana semushumiri akabva kunaKristu, kunze kwekuzviisa paShoko. Handikwanise kuzviisa pane chimwewo chinhu.

¹⁰⁷ Zvino tinoona ipapo, zvadaro, kuti pasi peropa bedzi, ndipo Mwari pavaisangana nemunamati, nokudaro vaisangana paJerusarema.

¹⁰⁸ Zvino Kristu ndiye Gwayana rakapiwa naMwari reChibairo. Zvino nhasi pane nzvimbo imwe chete iyo Mwari vanosangana nemunhu, zvino ndipo pasi peRopa raJesu Kristu. Kumwe kwese, kwakarambwa; Mwari havazombofi

vakaunzwa. Unogona kuita mhando dzose dzakasiyana dzemanyawi, nemhando dzose dzezvitendwa, nokuzunguzika, nokusvetuka, ugova neropa nemoto nechitsi, nezvimwe zvose; asi kana hupenyu husiri kuenderana neShoko, uye Mwari vachinyatsoratidza upenyu hwacho, zvino hapana chikonzero chokuzviedza, nokuti uri kunze. Uye Mwari havazombofi vakasangana nacho kusvikira chauya pasi pekuchengetwa neRopa iri. Ndizvo chaizvo.

¹⁰⁹ Saka, munoono, muMagwaro, tine Jerusarema, Kereke inayo; iri Kudenga, Jerusarema reKudenga, uko Mwari ndiMwari. Uye, nhasi, harisi pasi pedzimwe dzidziso kanawo zvimwe, zvatinodza kuita kuti iJerusarema. Tinoda, maMethodisti, tinoda, iye zvino, tinoda kuisa muzinda we—weMethodisti kuti uve Jerusarema. MaKatorike anoda kuti uve Rome. Uye—uye nzvimbo dzakasiyana kwatine mizinda yedu, tinoda kuuita iyoyoyedu. . .Jerusarema. Asi Bhaibheri rinotaura, kuti, “Jerusarema redu rinobva Kumusoro, rinova ndiro amai vevatendi vose.”

¹¹⁰ Zvino, zvino Kristu ndiye Gwayana rakapiwa naMwari. Cherechedzai kuti zvanga zvakafanira sei zvino, kuratidza kuti Jerusarema iri rakanga riri kuzoguma. Riinhi? Rakanga riripo kusvikira panguva iyoyi. Ropa regwayana rakanga rakanaka kusvikira pazuva irori, asi zvino pakurovererwa pamuchinjikwa zvinoshanduka. Hurongwa hwakare hwaguma. Pakanga pave nehumwe hutsva, zvino gwa—Gwayana rakanga rave paChibairo. Gwayana, Gwayana rechibairo, rakanga rave panzvimbo. Vakanga vari kupomera pamwe nokuita izvo zvinhu chaizvo zvavaifanira kunge vari kuita. Ndizvo chaizvo.

¹¹¹ Mwari varopafadzwe, nokuda kwekuona Chiedza choKudenga chinoshamisa muzuva rino rokupedzisa! Nokuti, makereke ari kuita chinhu chimwe chetecho nhasi. Kusvikira panguva iyo chinamoto chehurongwa chinopomerwa mhosva pamwe nokuratidza kuti chiri kupirisa Shoko raKristu, kubva ipapo panouzouya Shoko, uye Shoko roga. Kubva, pakapfuura gwayana repasika zvino Kristu ndiye akava Gwayana redu, pazuva rokurovererwa pamuchinjikwa. Uye pazuva apo sangano rakaroverera Shoko raMwari ndokugamuchira chitendwa panzvimbo yeShoko, ndiro zuva iro Shoko rakauya riine simba. Munguva shoma yapfuura.

¹¹² Cherechedzai, chechipiri. Kutanga, “ipapo,” Jerusarema. Chechipiri, “ivo,” ivo. Ani? MaJudha, vanamati. Pafunge ipapo! Vanamati pachezvavo vakanga vari kuuraya wacho chaiYe wavaiti vari kunamata. Ungafungidzirewo here chinhu chakadaro, apo vanhu vaiva nenjere dzakapinza vari vaprisita, vakanga vakadzidziswa, vakanga vaine madhigirii anachiremba kusvikira vakanga voda. . .Ivo, vaifanirwa kubva nekune chimwe chizvarwa vasati va. . .kana—kana rumwe rudzi, vasati vatombokwanisa kuva muprisita. Vaifanirwa kunge vari

vokwaRevhi. Madzibaba avo akanga ari vaprisita. Madzisekuru avo aiva vaprisita. Madzibaba avanababa vanababa vanababa vanababa vanasekuru vavo vaiva vaprisita. Uye vaifanirwa kurarama hupenyu hwakarurama, kusvikira, chinhu chimwe chete chavaiwanirwa mhosva, vaitakwa nematombo. Vakanga vasingawane tsitsi. Vatsvene? Zvirokwazvo, asi hutsvene hwekuzvigadzirira. Vaitofanira kuita saizvozo, kuratidza chimwe chimiro kukereke yavo. “Mukati mavo,” Jesu akati, “makazara nemapfupa evanhu vakafa.”

¹¹³ Ndingatogona kuunza kupomera mhosva pakare ipapo! Uye varume vanoziva kuti Ichi iChokwadi, Shoko *rino* kuti iChokwadi, zvino vagoRirerutsa, kuti varatidze chimwe chimiro pamberi perimwe sangano, uh-huh, ndine kodzero yekuvapomera, chaipo, paShoko raMwari.

¹¹⁴ Cherechedzai, “ivo,” vanamati, varume vanga vachitsvaka vimbiso, varume vanga vachiitsvaka, nemumakore nemazera, uye vasina chimwe chokuita kunze kwekugara museminari nguva dzose. Asi vakanga vapatsanura Shoko zviri maererano nedzidziso yese minari, zvino vakanga vapotsa Chokwadi chaCho. “Ivo,” vaprisita, shumiro yezuva iroro! “Ipapo,” pamuzinda wavo, “ivo,” shumiro yezuva iroro, vakanga vari *kuuraya* Mwari wacho chaiye, *Gwayana* racho chairo. Iye wacho chaiye wavaiti vari kunamata, vaimuuraya.

¹¹⁵ Zvino, nhasi, ndinopomera boka iri revashumiri vakagadzwa; muzvitendwa zvavo nemasangano, vari kuroverera, kuvanhu, chaiye Mwari wacho wavanoti vanoda pamwe nokushumira. Ndinopomera vashumiri ava, nemuZita raIshe Jesu, pamusoro pedzidziso dzavo, dzinoti idzo “mazuva ezvishamiso akapfuura,” uye kuti “rubhabhatidzo mumvura muZita raJesu Kristu harwuna kukwana uye handirwo.” Pamusoro peripi zvaro remaShoko aya, avatsivanisa nezvitendwa, ndinovapomera, sevane mhosva, uye Ropa raJesu Kristu riri pamawoko avo, nokuda kwekuroverera patsva Ishe Jesu, kechipiri. Vari kuroverera Kristu, kuruzhinji, vachivorera chinhu chavanofanira kunge vari kuvapa. Zvino vanotsivanisa nechimwewo chinhu panzvimbo yaRo; chitendwa chekereke, kuitira mukurumbira.

¹¹⁶ Ipapo ivo, “ivo,” vacho vaifanira kunge vakaziva zviri nani. Kana paine munhu aifanira kunge akaziva zviri nani, vaifanira kunge vari vashumiri ava. Kana paine munhu anofanira kuziva zviri nani, vanofanira kunge vari vashumiri vezuva rino. Kana paine munhu anofanira kuziva, ma—ma—mabhisopi, nemaachibishopi, ne—nevashumiri, navanachiremba vedzidzo yebhaibheri, vanofanira kuziva zvakasiyana. Asi sei vasingakwanise? Uh! Kupesana kwakadini! Chiiko chatinacho pamberi pedu pano kunze kwe—kwekungopesana! Vanozviti ivo vanonamata Mwari, uye vari kuuraya Muchinda weUpenyu.

Ivo, “ipapo ndipo ivo pavakaMuroverera,” uye pano *ivo* zvakare vanoita chinhu chimwe chete, nokuti Iye iShoko.

¹¹⁷ Ndizvo zvaAri, chingori bedzi chadzera cheShoko. Uye ndizvo zvaAri nhasi, chadzera cheShoko, achiedza kuwana mumwe munhu wekuZviratidza nemaari.

¹¹⁸ Zvino vanhu ava vanochengeta ungoro iri kure naMwari. Uye—uye kana paine chinhu chinotika, zvino chikataurwa muungano, vanochipomera kubva papuratifomu, kubva papurupiti, zvino voti, “Kupengereka. Garirai kure nazvo!” Mukudaro, vanoroverera Jesu Kristu muna 1963, uye vane mhosva zvakafanana nemachinda aya pa...pazuva iroro. Chitaurwa chakaomarara, asi ichokwadi. Pamusoro...Ndizvo chaizvo zvavanoita nhasi.

¹¹⁹ Zvino nokuda kwaizvozvi, nokuda kwekuroverera Kristu, nokuda kwekutora Shoko uye nokuRitora kubva kuvanhu; zvakafanana chaizvo nezvavaiita ikoko. Iro Shoko chairi iro Mwari vakanga vari kuratidza nemuMwanakomana waVo pachaVo, kuratidza kuti Raive iro, uye Uyo wavaiti vanoda, Jehovha akanga azviratidza pachaKe neMagwaro, ndokuita chaizvo izvo zvaAkati Aizoita, chaizvo zvakanzi naMwari Aizoita, ndokuZviratidza pamberi pavo. Nokuda kwerudo rwavo rwemapoka emakereke avo, nezvinhu zvakadaro, vakapomera Muchinda weUpenyu.

¹²⁰ Uye ndinowanira mhosva boka rimwe chete nhasi, uye ndinovapomera, vane mhosva pamberi paMwari, neShoko raMwari, kuti vari kuita chinhu chimwe chete. Chizvarwa chino chinopomerwa mhosva. Rangarirai vaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹²¹ Ko vakamupomera mhosva sei? Nokuti zvitendwa zvavo hazvina kugona kuMugamuchira, uye pakadzika pemoyo yavo vaiziva zvakasiyana. Nikodhimo haana here, muchitsauko 3 chaMutsvene Johane, kuzvitsanangura nemazvo? “Rabhi, isu, vaFarisei,” vaparidzi, vadzidzisi, “tinoziva kuti Muri madzidzisi akatumwa kubva kunaMwari, nokuti hakuna munhu anokwanisa kuita zvinhu zvaMunoita kunze kwekunge Mwari ange ainaye.” Maona? Vakazvipupura pachena nemumwe munhu wavo ane mukurumbira, nokuita bopoto...nokuda kwezvitendwa zvavo, vakaroverera Kristu.

¹²² Uye nhasi hakuna muverengi asingagoni kuverenga Mabasa 2:38 zvimwe chete sekukwanisa kwandinoita kuIverenga, neImwe yose, zvimwe chetezvo sekukwanisa kwandinoita kuIverenga. Asi nokuda kwezvitendwa zvavo, uyewo nokuda kwezvitupa zveasangano zvavainazvo muhomwe yavo, minembo yechikara yavari kutakura kwese-kwese semakadhi ekuyanana; uye nokutora zvinhu izvozvo, vanozviroverera Jesu Kristu patsva, uye nokumuroverera pamberi peruzhinji,

nokumhura Mwari wacho chaiye akavimbisa kuita Izvi, vachiunza chituko parudzi.

¹²³ Iye zvino, ipapo, “ivo,” kwete mutadzi. “Ivo,” zvichireva, kereke yezuva iroro, vakawana mhaka neMunhu Akanga ari Shoko. Ndizvo here? Vakawana mhaka neMunhu Akanga ari Shoko. Iye zvino vanowana mhaka neShoko riri kushanda nemumunhu. Munoono, vakangozvipesanisa. Rinova, riri mumunhu, Uyu, Mweya Mutsvene waari kushanda nemaari, ndiko kusimbisa kwaMwari.

¹²⁴ Vakaziva sei kuti Aiva Kristu? Nokuti mabasa aKe akararatidza zvaAive. Akati, “Ndeupi wenyu anokwanisa kuNdiipomera mhosva yechivi? Ndokunge kana Ndisina kuita chaizvo zvakataurwa neMagwaro kuti Ndaizoita! Uye izvo... Mumwe munhu ngaAndiudze pandakundika pacho, kana Ndisina kuratidza chiratidzo chose chokuti Ndini Mhesiya, kuti Ndini Wacho wamakavimbisa.”

Rakati, vakati, “Zvakanaka, tina Mosesi. Tinotenda Mosesi.”

¹²⁵ Ndokuti, “Dai makatenda Mosesi, mungadai makaNditenda. Dai imi... Mosesi akaona zuva raNgu akashuvira ku—kurarama muzuva rino. Mosesi akaona kubva kure, nevaporofita. Zvino hezvoka imi, muri kurarama chaipo paZviri, uye nokupomera mhosva.” Akati, “Imi vanyengeri,” ndokuti, “munokwanisa kunzvera chiso chematenga, asi chiratidzo chenguva hamukwanise kunzvera.”

¹²⁶ Hezvoka izvo, chiratidzo chenguva. ChakaMuisa muboka ripi? “Mupengereki, munhu anopenga.” Hongu, vakawana mhosva neMunhu Uyo aiva Shoko.

¹²⁷ Aive Shoko. Mutsvene Johane, chitsauko chokutanga, chinozviratidza, “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama, ndokugara pakati pedu.” Akanga ari Shoko raMwari rinorarama, nokuti Akanga ari kuratidza Mwari nemaari iYe. Akanga akanyatsozvipira zvizere ku—kuShoko raMwari, kusvikira Iye neShoko vaive chinhu chimwe chete. Uye ndizvo chaizvo zvinofanira kunge zvakaite Kereke nhasi, kuti Shoko raMwari ndiro rimwe chete.

¹²⁸ Ko ungapova sei chikamu cheShoko asi iwe uchiRiramba rose zvaro? Zvino chikonzero chazvinoitirwa, hazvireve kuti vanhu; ndicho chikonzero chandinofunga kuti Mwari vakataura neni pamusoro pakudana vanhu vaVo kuti “vanaRiki” nevana “Riketa.” Zvinokonzerwa neaya masangano ane undini, anoita kuti vanhu ava vararame ikoko nemararamiro avari kuita. Vakaroverera Chokwadi pamuchinjikwa. Zvino vanhu vanoChiti kumhura, uye vanoChiita kuti chimhure, waro. VanoChiti kupengereka, nezvimwe zvakadaro, uye vasiri kuziva kuti vari kumhura iye Mwari wacho wavanoendera kukereke kunoshumira.

¹²⁹ Nokudaro, ndinopomera boka iri revashumiri nhasi. Ndinopomera chizvarwa chino, nemuZita raJesu Kristu, ndiri pasi pemvumo yeShoko raMwari. Muri kuMuroverera pamuchinjikwa zvakare.

¹³⁰ Cherechedzai, “Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi,” Shoko raMwari rakasimbiswa mumunhu.

¹³¹ Enzanisai maKarivhari maviri aya pamwe nemhosva yawo yaipomerwa. Rangarirai, “Nokuti Iye akazviita Mwari pachaKe, hatisi kuzova neMunhu uyu kuti atitonge.” Yaive mhosva ipi yavakagona kuwana, mukanzuru mangwanani aya, paya pavakaroverera Jesu? Kuti, “Iye akazviita Mwari pachaKe.” Akanga ari Mwari. “Uye akatyora Sabata.” Uye Akanga ari Tenzi weSabata. VakaMupomera mhosva nokuti Iye akazviita Mwari pachaKe. “Hauna kodzero yekuita izvi. Hauna kodzero. Vaprisita vedu vakuru, kana paine chinouya, chinouya nekuvaprisita vedu.” Zvino chizvienzanisa neKarivhari nhasi.

¹³² Apo, Mwari, zvakanyatsofadza Baba, Mwari, Mweya, kumutsa Mwanakomana waKe pachaKe; ndokufungatira Maria, neMweya Mutsvene, ndokuunza mutumbi waikwanisa kuMushumira pamwe nokushumira chinangwa chaKe kwaAri. “Mwari vakanga vari munaKristu, huzaro weHumwari mumutumbi, maAri,” achiratidza zvakanga zviru Mwari, kuvanhu, achiita kuti—achiita kuti nyika yose izive zvanga zvichidiwa naMwari kuti munhu wose ave: mwanakomana, nemwanasikana. Akatora Munhu mumwe chete ndokuzviita. Zvino nokuda kwekuti haana kuzvibatidza nemapoka avo ezvinamoto, vakaMupomera ndokuMuroverera pamuchinjikwa.

¹³³ Zvino enzanisai Karivhari iyi nanhasi. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Nokuda kwemaonero ane kwaakarerekera emasangano, nokuda kwekusabatirana pakati pevadzidzi vaifanira kuziva Shoko nezano raMwari; nokuda kweizvi, Mwari vanokwanisa kutora boka duku revanhu raVanogona kushanda nemariri, kumwewo, zvino Vozviratidza, avo vano zvininipisa kuShoko. Uye havakwanise kutaura kuti handizvo.

¹³⁴ Vakanga vasingakwanise kutaura kuti haAna kuzviita, nokuti unganu yawo yakazvipupurira. Zvaive mberi kwavo. Havaigona kuzviramba. Havaigona kuramba zvaAitaura, nokuti, iro Shoko racho ravaiti vanotenda, Ndiro raCho rakanga raratidza kuti aive Iye. Nokuti, Mwari vakatora Shoko raifanira kuva Mhesiya ndokuRiratidza kubudikidza nemuMunhu, zvino vakatozoMubvisa. Ndiyo zira yoga iyo vaizogona kuenderera mberi, yaive yokubvisa Mhesiya. Zvino vakazviita nemuhupofu nokusaziva, zvisinei nokudzidza kwavo. Vaive vakangwara, vakatesva pfungwa; pakutaura kwepanyika.

¹³⁵ Sokuenzanisa kwatakaita usiku hwapfuura, apo Chiedza chakarova jaya mupfumi, onai zvaakaita. Akaramba; munhu akangwara. Pauro, mumwe munhu akangwara,

Chiedza chakamurova. Chii chaakaita? AkaChigamuchira. Akazvikanganwa, zvose zvaakamboziva, kuitira kuti azive Kristu. Chakaita kuti hupenyu hwake hunge hwakakodzera Evhangeri. (Mharidzo yeusiku hwemusi weSvondo wapfuura.)

¹³⁶ Hechoka iChi nhasi. Chinorova pamwe mumwe murume muduku, uyo akaenda, anga aine kudanwa kwaMwari, kwaakanzwa, ndokuenda kuseminari kunodzidza ndokunodzidza chimwe chitendwa. Anofanira kurarama nechitendwa ichocho kana kuti otosiya kadhi rake rehuhengo. Kana akazviita, haachadiwa, hapanazve mumwe munhu anozomutora, nokuti pane imwe nguva pane kwaaive asi zvino haosisiri weko. Vanoona kuti pane chakatsveyama pamunhu iyeyu, zvino havazombomudi muungano yavo. Apo, ungoro iri kungotarisa chiratidzo chimwe chete, chokuti, kana achitenda zvavanotenda.

¹³⁷ Kana aine kadhi, kana ari muMethodisti, kana aine kadhi. . . kana ari weimwe ungoro, kana Oneness, kana Trinitarian, kana chero chaangave, church of God, kana munharaunda dzemaPentekosti, nedzimwe nharaunda dzose. Kana akatakura kadhi, vanonzwa kuti muzinda wamuwongorora, nokuedza pfungwa dzake, ndokumupa kuedzwa kwemapenzi, nokuona kuti kutesva kwepfungwa dzake kuri pachiyero chakakwirira zvakakwana zvokuti anogona kutaura mberi kwavo. Kana akasadaro, vanomuramba. Ndizvo chaizvo.

¹³⁸ Asi, munooona, ungoro inofanira kunge iri kutarisa ruwoko rwaMwari, kuona kana vari Mwari vakamugadza kana kuti kwete. Ndizvo zvatino fanira kunge tiri kutarisa pazviri. Asi nhasi vanoroverera Mwa—Mwa—Mwanakomana waMwari patsva. Kana, munhu achikwanisa, nenyasha dzaMwari, akadanwa naMwari, kuti arege Mwari Vachizviratidza nemaari. “Mabasa andinoita nemiwo muchaaaita,” Akadaro. Cherechedzai kuti izuva rakadini ratiri kurarama mariri!

¹³⁹ Ivo, vanotora, ivo—ivo vanotora iyo—iyo Karivhari chaiyo, tinokwanisa mangwanani ano, nechikonzero chacho chaicho. Iye zvino, vaiziva kuti chaive Chokwadi; asi nokuda kwegodo, nemawonero asiri iwo. Jesu akati kudini kwavari? “Kana Ndichidzinga madhimoni nemunwe waMwari, zvino ndiyani—ndiyani wamunoadzinga naye? Regai ivo vave mutongi wenyu, munooona, kana Ini nemunwe waMwari ndichidzinga madhimoni.”

¹⁴⁰ Zvino, sezvamangovanzwa vachiti, “Unogona here kuratidza here kuti munwe waMwari?” Ndiri kuda kuona, ndaingada kunzwa mubvunzo uyu Achiubvunzwa. Vakanga vakangwarisa kwazviri.

¹⁴¹ Cherechedzai, “Nokuti Akazviita Mwari pachaKe,” uye Aive Mwari. “Uye hatisi kuzoti Iye atitonge.”

142 Asi zvino chinhu chacho, kuchema kumwe chete kwakare kuya kwauya zvakare, “Iro Bhaibheri rakanyorwa nevanhu,” vanodaro. “Hatisungirwe kurarama naRo.” NderaMwari. Ndiro Shoko raMwari. NdiMwari, pachezvaKe.

Ndakanga ndiri kutaura nemumwe murume nezuro, ndokuti, “Hamen, kuda mumwe munhu anogona kunge akanyora Bhaibheri racho.”

Ndikati, “Hongu, aivepo. Zita raKe, tinoMuziva saMwari.”

143 Rakanyorwa pakati pemakore zviuru zvina, potse, Magwaro, kubva shure kunaJobho, nzira yose kusvika kuTestamende Itsva, ndokunyorwa nemazana ne—ne. . . uye pakati pemazana emakore; uye ndokunyorwa nevarume vakasiyana-siyana, uye vasingazivane, munzvimbo dzakasiyana dzenyika, uye hapana kana rimwe Shoko raRo rinopikisana nerimwe. Ndingada chero ani hake kuti auye pasi peRopa raJesu Kristu agotora chero vimbiso irimo Imomo! Mwari vakasungirwa kuIchengeta.

144 Asi havazviiti. Vanouya, voti, “O Ishe, ndinoda kuita chimwe chinhu. Ndipeiwo chipo chikuru. Hareruya, Ishe! Mwari ngaArumbidzwe, ndinotenda kuti ndachiwana. Hareruya!” Hazvife zvakashanda. Unogona kuunza zvakawanda zvekushandisa pfungwa, asi hazvishande.

145 Mwari vanofanira kucherechedza kutendeuka uku. Mwari vanofanira kudaro. Tinogona kutaura zvakawanda pane izvozvo, asi ndine tariro yokuti muri—muri kunzwisisa.

146 Ona, asi iye zvino havachadi kuti Shoko rivatonge. Ndinoti, “Mumwe nomumwe wenyu dzokerai. Makabhabhatidzwa zvisiri izvo. Makabhabhatidzwa mukereke yeKatorike.”

147 “Ndiwe ani kutiudza zvakadaro?” Handini; iShoko. “Asi ndinokuudzai, ti—tinotenda. . .” Handina basa nezvamunotenda; ndeizvo zvinotaurwa neBhaibheri. “Asi hatisingirwe kurarama naiZvozvo.”

148 Zviitei, kana kuti muri pasi pekutongwa kweBhaibheri rino iri. Nokuti, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe kubva maRiri, kana kuwedzera rimwe chete kwaRiri, mumwe chete iyeye achabviswa, chikamu chake, chemuBhuku reUpenyu,” angave mushumiri, mufundisi, kana chero zvaangave. Unofanira kuuya uri pasi pehutongi hweShoko iri, nokuti NdiMwari. Bhaibheri rinoti NdiMwari.

149 “Hatisi kuzoRiti rititonge.” Vanotora zvitendwa zvavo, nemasangano avo, nezvinhu zvavo—zvavo zviduku zvisina basa zvanotenda mazviri, uye zvakagamuchirwa nemapoka evanhu, zvino ndokuzvitora panzvimbo yeShoko raMwari.

150 Chii chavakaita? Vakatora Bharabhasi, mhondi, panzvimbo yeMwanakomana waMwari, pazuva rokurovererwa kwekutanga.

¹⁵¹ Zvino nhasi vari kutora shoko remumwe munhu, rinova nhema nenzira yerufu, uye vachiramba kutora nzira yeUpenyu, Shoko raMwari. Ndonopomera chizvarwa chino, kuchipomera mhosva, muShoko raShe, kuti vakakanganisa. Vane mhosva yekuroverera, kana kuti kuedza kuroverera Mweya.

¹⁵² Vanodanira rumutsiriro, kwese-kwese. Ko muchava sei nerumutsiriro apo Shoko pachezvaRo risiri kugona kushanda nemuvanhu? Ndinoda kuti mumwe munhu andipindurire izvozvi. Ko rwungazviite sei, apo muri kuramba Rumutsiriro pachezvaRwo? Ndizvozvo muporofita akataura nezvavo, “zvimiromo zvehumwari.” Zvimiromo zvavo ivo, kareko, vakaramba Shoko reUpenyu. Zvimiromo zvavo, nhasi, zvinoramba chinhu chinogona kuvaunzira rumutsiriro; zvitendwa zvavo nezvimiromo. Hongu, changamire.

¹⁵³ Vanotora sangano nezvitendwa zvavo panzvimbo ye—yeShoko, zvino izvozvo zvinoroverera Shoko raKe zvino zvoita kuti Shoko raKe rishaye simba kuvanhu. Kana vakaona Shoko raMwari zviri pachena uye Richizviisa panzvimbo, kuti Mwari vakaita vimbiso Vaizoita zvakadai, zvino heVanoi vari kuzviita, zvino ivo vanoita dambe naRo vobva paRiri, kumhura. Zvino vanoedza kuroverera Shoko pachaRo.

¹⁵⁴ Sei vachiRiroverera? Havakwanise kuroverera Shoko sokusakwanisa kwavangaita kuroverera Mwari. Vakagona kuroverera mutumbi wainge wakabata Mwari, Mwanakomana waMwari. Vaigonan kuroverera iwoyo, asi havakwanise kuroverera Mwari. Aifanira kunge, panguva iyoyo, nokuda kwekuva Chipiriso, kuunza vanakomana vakawanda vakatemerwa kuHupenyu Husingaperi. Vaitofanirwa kuzviita kareko, asi havachagoni kuzviita zvino. Havakwanise kuzviita, nokuti Shoko pachezvaRo rinoramba richirarama. Asi ivo . . .

¹⁵⁵ “Chii chavanoita? Vanogadzira sei? Saka uri kuti kudini zvino, muparidzi? Ko uri kuvaka nheyo yako sei pano, kuti vari kuMuroverera, zvino?”

¹⁵⁶ Vari kuroverera runziro yeEvhangeri pavanhu, nezvitendwa zvavo. Ndiko kurovererwa kwacho. Ndiko kunogara vanhu veruzhinji mumamochari makuru aya, anonzi, masangano, zvino vanonyora rundaza rwezvitendwa, uye zvakanga. . . Shoko raMwari harikwanise kuve nerunziro pavari, nokuti va—vanowanira mhaka izvo chaizvo zvinhu zvakanzi naKristu zvaizoitika. Haringouyi bedzi maererano nechitendwa chavo.

¹⁵⁷ Uyewo Jesu haana kuuya semanzwisiro avo ekuuya kwaKe. Akauya nenzira yaAkatumwa nayo naMwari, uye akauya akanangana chaizvo neShoko. Ndosaka Akati Akanga “aRivanza kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, ndokuRizarura kune vana vanokwanisa kudzidza.” Muri kunzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

158 O, vakarovera runziro yeShoko. Ndine chitsama cheMagwaro pano. Ndingangotaura maviri kana matatu awo. VanoRiroverera.

Unoti, “Ko vanoroverera sei Shoko?”

159 Jesu paakati Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, vaHebheru 13:8; ivo vanoti, “Nenzira iyoyo ndizvo zvaAri.” Maona? Zvakanaka.

160 Zvino Jesu akati, murairo waKe wekupedzisira kuKereke, “Endai munyika yose,” Mariko 16, “endai munyika yose, munoparidza Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Nyika yose; kuchisikwa chose!” Uye haisati yasvikwa pakati payo. Uye pane mamiriyoni ari kufa, gore negore, vasina, kana kumbonzwa nezveZita raJesu. Saka, kuchiri kuraira kwemazuva ose. Uchiri murairo waMwari. “Nyika yose, mugoparidza Evhangeri kuchisikwa chose. Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa; uyo asingatendi achatongwa. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda: nemuZita raNgu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka, kana kunwa zvinouraya, hazvivakuvadze; kana vakaisa mawoko pamusoro pevanorwara, vachapora.”

161 Zvino vanoti, “Zvakanga zviru zvechizvarwa *ichocho*,” zvino vanoita kuti murairo waMwari ushaiwe simba kune Izvi, uye vanoroverera runziro yeShoko kuvanhu. Amen.

162 Petro akati, neZuva rePentekosti, aine makiyi eHumambo; ayo aakanga apiwa naJesu, “Chose chaunotaura pano, Ndichachitaura kumusoro Uko.”

163 Nezuva rePentekosti vakabvunza kuti chii chavangaita kuti vagamuchire Mweya Mutsvene, uye kuti vakanga vari kunakidzwa naWo zvikuru; vakatarisa vamwe vachiita maitiro ayo anganzi asina maturo; kudzadzarika, nokusvetuka, nokudonha, nokuita sokunge vakanga vakadhakwa.

Uye ivo, vachiti, “Varume ava vakazara nehwaini itsva.”

164 Asi paiva nemurume akasimuka, zita rake ndiPetro, uyo akanga aine makiyi ekuHumambo, zvino ndokuti, “Ava havana kudhakwa,” Mabasa 2, “sezvamuri kufungidzira, zvamuri kuona kuti ingori awa yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa nezvazvo.” Munoono, kudzokera kuShoko zvakare, kuratidza kuti Mweya uchiri Shoko, uye Shoko richiri Mweya, Shoko raMwari. “Uye zvichaitika, sokutaura kwakaita muporofita Joere, Joere 2:38. ‘Uye zvichaitika nemazuva okupedzisira, zvakarehwa naMwari, ndichadurura Mweya waNgu panyama yose.’”

165 Teererai muporofita uyu amire apo. Mutarisei, haatye, amire ipapo pane boka iri, achivatsiura, achivapomera mhosva. Ndokuti, “Iri ndiro Gwaro! Izvi ndizvo zviya zvakataurwa

nemuporofita! ‘Ndichadurura Mweya waNgu panyama yose. Vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita. Pavashandi nevarandakadzi vangu ndichadurura Mweya waNgu; uye ndicharatidza zviratidzo mumatenga kumusoro, uye nepanyika; moto, neshongwe yeutsi, nemhute.’” AchiZviratidza neShoko, kuti Raiva Shoko.

¹⁶⁶ Zvino vakaseka vakaita dambe naRo, zvino vakaenda kunotongwa. Uye guta rakapiswa, zvino ndokudyirana vana. Zvino nhasi vanhu vakapararira pasi rose, kuratidza kuti Mweya Mutsvene unoramba uri Shoko raMwari, kuunza Shoko rino kuRiita kuti rirarame.

¹⁶⁷ Jesu Kristu akanga ari Munhu, Munhu, Mwari. Hareruya. Aive kuratidzwa kwaMwari. Akanga ari Mwari muchimiro chemutumbi, kuratidza Shoko raMwari rezera iroro, kuita kuti zera iroro rione vimbiso yaMwari yezera iroro.

¹⁶⁸ Mweya Mutsvene chinhu chimwe chete nhasi. Mweya waMwari paShoko rakanyorwa, uchiedza kuwana mumwe munhu kuti Uzviratidze kuzera rino, kuratidza kuti mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Mutsvene Johane 14:12, “Mabasa andinoita nemiwo muchaaaita.” “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Munoono, kungoramba uchitsvaka nzira yaWo yokuZviratidza.

¹⁶⁹ Uye havana kugona kuzviita. Vanhu vakafunga zvikuru pamusoro pemasangano avo, matendere avo maduku avakanga vainawo, nezvakadaro, anonzi “makereke,” saka havana kuteerera kwauri. Saka ndizvo zvavanoitawo nhasi, chinhu chimwe chete, kuroverera patsva.

¹⁷⁰ Petro, neZuva rePentekosti, akati, “Imi varume munogara muJerusarema, muJudhea, teererai mashoko angu. Ava havana kudhakwa. Kana mukangomira chete, ndichakuratidzai zvazviri.” Zvino anoenderera mberi ndokuvatsanangurira.

¹⁷¹ Moyo yavo payakabaiwa, pavakanzwa Izvi, vakati, “Todini kuti tiponeswe? Todini kuti tigamuchire Izvi? Tagutsikana kuti shoko renyu nderemazvirokwazvo.”

¹⁷² Akati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti ndezvenyu nevana venyu, neavo vari kure, kunyange neavo vachazodanwa naIshe Mwari wedu. Izvi ndizvo zvavanofanira kuita. Tendeukai, mubhabhatidzwe muzita raJesu Kristu.”

¹⁷³ Zvino, nhasi, kereke yeRoma Katorike yakatora, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” kutora nzvimbo Iyoyo. Panzvimbo yaWo, chirairo. “Buditsa rurimi wogamuchira kahwendefa, zvino muprisita ndiye anonwa hwaini, uye muri vamwe pamwe chete.” Icho “chirairo,” panzvimbo chokuva Mweya Mutsvene, chinonzi, “Sakaramende dzvene.”

Uye mumwe “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” rubhabhatidzo rweutatu mumwe, ndipo parwusina kana kumbotaurwa nezvarwo muBhaibheri. Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene ndiIshe Jesu Kristu. Zvino kana ukazviratidza kuzera rino rakaipa . . .

174 SaPetro akati, “Zviponesei kubva kuzera rino risina chakanaka.”

175 Kana ukaUratidza kwavari, chii chavanoita? Vanoita dambe naWo, uye vachiti, “Kereke yedu haiUdzidzise nenzira iyoyo.” Zvadarwo une mhosva, une mhosva yokurovererwa kwaJesu Kristu, nokutora simba raMwari kubva kuvanhu. Unoroverera Shoko racho chairo kwavari, zvino unozviwanira mhosva pamwe neungano yako, nekuvatungamirira mumuteyo werufu.

176 Sezvandakataura pamusoro pemushumiri uya musi weSvondo wapfuura, aiva Martin Luther King zasi uko nevanhu vaya vanokosha, achivatungamirira mumuteyo werufu. O, dai mumwe munhu angogona kutaura nemurume uyu! Dai ndaikwanisa. Kamwe kakungomukira hurumende kaduku maererano nepfungwa yechikoro, munoona, kana zvimwe . . . Zvine mutsauko wei? Ini, zvangu ini! Kana vanhu vasina moyo wakakwana kuti vayanane nemumwe munhu nokuda kweruvava rwake, vakatotongwa uye vakafa, zvakadaro. Nyika inovapa kodzero. Musazvirwisa. Musadaro. Ko dai mumwe munhu akati ose maIrish kana mumwe munhu, ose maGermany, kana mumwewo munhu, vakazvipatsanura? Izvozvo hazvaimbonetsa Makristu. Vanongoramba vachifamba vachienda mberi. Zvino murume iyeye Mukristu. Se—semushumiri, haafanire kutungamira vanhu ivava mukupanduka achizvipikisa. Vachaita kuti mamiriyoni afe. Zvichatanga kumwe kumukira hurumende. Uye zvinonyadzisa kuita zvakadaro.

177 Chinhu chimwe chete chaitika ipo pano, chinhu chimwe chete chaicho zvakare. Ndizvo chaizvo. Maona? Vanhu, kuti dai vaigona bedzi kutarisa paChokwadi uye nokuona kuti Chokwadi chii. “Kereke yedu haizvitendi. Tine imwe nzira.” Zvinoka, haisi nzira chaiyo. Handiyo chinhu chacho.

178 Akati, “Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi.” Zvino havazviiti. O, zvino chii chavakaita? Zvino chinongori chinhu chimwe chete, pakati pemazana. Tichasvikako, zvimwe kuda, nokukasika kwese kwatingagona.

179 Zvino kurovererwa kwechipiri, zvino. Kana munhu akagamuchira “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” chi—chitendwa panzvimbo yeShoko, madunhurirwa panzvimbo yeZita, chii chaanoita kuvanhu? Anoroverera simba reShoko kuvanhu, paanotaura kudaro, kuti, “Marko 16 yakanga ingori bedzi yechizvarwa *ichocho*.”

¹⁸⁰ Zvino Mwari vakati, pachaVo ipapo chaipo, Jesu achitaura kwavari, akati, “Endai munyika yose, munoparidza Evhangeri kuzvisikwa zvose. Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa; uyo asingatendi achatongwa. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo...” Kusvika kupi? Nyika dzose, chitendwa chose, ndimi dzose, ndudzi dzose, vanhu vose, Evhangeri imwe chete. “Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino kana munhu akaedza kucheka Izvi kubva muBhaibheri, anoverera simba reEvhangeri kuungano iyoyo. Saka ndinokupomera mhosva, nemuZita raJesu Kristu! Une mhosva yekuponda Ishe!

¹⁸¹ Kereke yakaMuvenga. Sei? Akanga ari Mwari wavo chaiye. VakaMuvenga, ndokuMuramba kuti asave Mhesiya wavo. Kwete, changamire, vakanga vasingade Mhesiya akadaro.

¹⁸² Uye nhasi kereke inoita chinhu chimwe chete. Inoramba Shoko. HavaRide. Rinopesana nezvavakadzidziswa kuti vatende nezvitendwa zvavo.

¹⁸³ Zvino Shoko ndiMhesiya. Munozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, chadzera cheShoko chii? Kuratidza Mhesiya, anova Mweya Mutsvene pakati pedu. Ari kuZviratidza, anoedza, kwese kwaAnogona kuwana rambi raAnogona kutarisa nemariri, risina kusvibiswa nechitsi chedzidziso nezvimwe, Anokwanisa kupa Chiedza nemo.

¹⁸⁴ Rangarirai, “vakamuka ndokugadzira marambi avo,” nokusuka machimbini, asi vazvinonokera. Saka kana munhu akaona maLutherani, Presbyteriani, maMethodisti, vachiedza kuuya mukati mazuva ano okupedzisira kuzogamuchira Mweya Mutsvene, handiti, munoziva kuti havaUwane. Saka, vanogona kutaura nendimi nokusvetuka-svetuka, asi tarira zvinozoitika. Ivo zvachose...Chiratidzo chenguva chokuti yapera. Tave kumagumo.

¹⁸⁵ Nguva yese-yese, Ke—Kereke inogona kunzwa kudanwa, kwekuti, “Uya kuno Kumusoro!” Amen.

¹⁸⁶ Chaizvoizvo zvinyatsori muhurongwa. Mweya Mutsvene pano uchiita Jesu Kristu mazvirokwazvo kubudikidza neavo vaAnokwanisa kushanda nemavari, achiZviratidza; ndokuburuka, ndokutora mufananidzo waKe, ndokuuratidza, ndokuita kuti sainzi itore, itaure nezvavo, nezvimwe zvose, kuratidza chaizvo zvaAkataura kuti Aizoita. Nokuita zvinhu chaizvo zvaAkati Aizoita, zviri muMagwaro. Zvino, kwete chimwe chitendwa, kana imwe pfungwa yakangofungwawo nemunhu, ropa rakawanda, moto, nechitsi, nezvinhu; asi umboo waMhesiya hweMagwaro. Pane kutevedzera kwakawanda, nevatevedzeri, ne—nezvimwe zvakadaro; asi izvozo zvinongoita kuti Shoko rechokwadi Ripenyese, ndizvo chaizvo, rinoita kuti vanhu vari vemweya, vanokwanisa kupatsanura zvakawanda nezvakaipa. Maona?

187 VanoMuramba! Vakaramba Mhesiya wavo, “Takanga tisingaMude.” Uye zvimwe chete zvavari kuita nhasi, “Saka, kana ndichifanirwa kudzika zasi uko ndigoita seboka iro, handiUde zvachose.” Zvakanaka, haunaWo, zvachose. Ndizvo chaizvo. Maona? Zvimwe chete iye zvino.

188 Kunyange Akaratidzwa zvizere, vakanga vasingaMudi. VaiMuvenga. Sei zvaive zvakadaro? Tinodana vafundisi vavo kuti boka re “nyoka.” Akati, “Imi boka remadziro ane pendi chena. Hapana zvamuri kunze kwekuva nzvimbo yemakuva. Kunze kwenyu kwakakwenenzverwa nemagemenzi nemakora akatendeutsa, zvino mukati mune mapfupa evanhu vakafa.” Akanga asinganyengerere. Mumwe muGaireya muduku, mwanakomana wemuvezi wemapuranga, asi Akanga asingasikize. Akavataurira.

189 “Musafunga,” Johane akadaro, uyo aiva mumiririri waKe, akati...Ndiye mumwe akanga asinganyengerere. Akati, “Musauye kuno muchiti tina Abrahama sababa vedu. Mwari vanokwanisa kubva kumatombo aya kumutsa vana kunaAbrahama.” Hongu, changamire. “Demo ratoiswa pamudzi wemuti, uye muti wose usingabereki muchero uchatemerwa pasi nokukandirwa mumoto.” Hongu, changamire. Mwari havana dambe, vakasimba vanorevesa neShoko raVo. Hongu, changamire.

190 Cherechedzai, Jesu, akaratidzwa neMagwaro! Munondinzwa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Jesu akaratidzwa naMwari, kubudikidza neMagwaro, kuti Aive Mhesiya. Ndizvo here? [“Ameni.”] Tichasvika pakupomera kwaPetro, mumaminiti mashoma, zvino muchazoono kana zvaive izvo here kana kuti kwete. Akanyatsoratidzwa zvizere, kuti Aive Mwari airatidzwa muMunhu, anonzi Mwanakomana waMwari. Ndizvo chaizvo. Kunyange hazvo, Akanyatsoratidzwa nemazvo nokusimbisa Shoko rakavimbiswa, rokuti aive Mhesiya. Mosesi akati, “Mhesiya uyu, paAnouya, Achange ari muporofita,” uye zvinhu zvose izvi zvichaitika.

191 Mudzimai muduku aiva ane...amire patsime, uye nechinhano chose chiya chetsvina chaaive machiri, izvozvo zvaimiririrei? Kuti Mwari mumazuva ano okupedzisira aizatora vava vakarambwa.

192 Munorangarira usiku hwapfuura, pamuchato...Kana kuti, imwe nguva yandakamboparidza ipo pano. Pasvuvuro yemanheru yemuchato, vakataura zvavakataura. “Ndagadzira mabiko makuru, nezvakadaro. Uye vanhu vose ava, ndavakoka, zvino mumwe nomumwe anga aine chikonzero. ‘Handikwanise kuzviita, nokuti zvinozokanganisa zvitendwa zvedu. Handikwanise kuuya, nokuti ndine wangu...ndaroorwa mukadzi; haanditenderi kuti ndiuye. Zvangu, nda—ndaroorwa nekereke zasi kuno. Amai vangu vakanga vari muMethodisti,

kana muBaptisti, kana muKatorike, kana muProte-... Handimbokwanisi kumirira Izvozvvo.”

¹⁹³ Akati, “Zvino hamusi kuzouya. Zvino hamusi kuzoraira svusvuro yaNgu! Asi endai kunze uko munomanikidza zvipfeve nemhombwe, nezvidhakwa, nechero zviriko. Vaunzei mukati, uye ndichavatwasanudza. Ndagadzira svusvuro yaNgu, uye vakakokwa vaNgu—vaNgu. . . Tafura yaNgu yagadzirirwa, zvino pachange paine mumwe munhu ipapo.” Havana kuuya. Akanga ari kupomera maJudha.

¹⁹⁴ Ko nhasi? “Ndi—ndi—ndiri wePresbyteriani. Ha—handikwanise. Ndiri muMethodisti, muLutherani. Ndiri muoneness. Ndiri mutwones. Ndiri *zvakati*. Handikwanise. Handikwanise.” Hezvoka izvo. Uchange usiko ikoko zvino! Ndizvo chaizvo zvaAkataura. Zvakanaka.

¹⁹⁵ Mhesiya, akasimbiswa zvakakwana. Akanyatsoratidza, Shoko, Shoko rakavimbiswa. Mwari vakavimbisa Shoko, kuti izvi ndizvo zvichange zvakaita Mhesiya, heunoi Akauya ndokumira chaizvoizvo. Akati kwavari, “Zvino, ndepapi paNdakundika? Kana mukasaNditenda seMunhu, tendai mabasa Andinoita; nokuti ndiwo zvinhu zvinotaura kuti Ndiri ani. Ndiwo anotaura kuti Ndiri Mhesiya. Hamudi kuNditenda, nokuti muri kufunga Josefa uko. . . Uye Ndakazvarirwa necheuko mukamba kaduku ako, uye—uye baba vaNgu vasiri vokundibereka avo pano mu—muvezi wemapuranga zasi uko. Uye—uye imi. . .”

¹⁹⁶ PaAkauya muGarireya ikoko, ivo, uye vakanga vachizogadzira. . . Akati, “Hei, Ndiyaniko Muchinda uyu? Ndiyaniko Uyu? Hameno, Murume uyu, handi here. . . Handi here Josei nevamwe vanun’una vaKe vari pano? Hanzvadzi dzaKe hadzisi dzinesu here? Amai vaKe havanzi Maria here, nababa vaKe vanonzi Josefa? Ko, ndekupi kwamakawana Muchinda akadai? Akabva kuchikoro chipiko? Haana kadhi rehuhengo. Iye, haAna magwaro edzidzo. Ko Muchinda akadaro. . . Ko makazviwana kupiko izvi, zvakadaro?”

¹⁹⁷ Zvino Bhaibheri rakati Aka—Akagumburwa. Akati. . . Mabasa makuru akawanda haAna kukwanisa kuaita; zvino Akangofuratira ndokufamba achibva pavari. Akati, “Muporofita haashaiwe kuremekedzwa kunze kwekunge ari pakati pevanhu vake, munoona, munyika yake,” tarisai, “kana kuti munyika yake.”

¹⁹⁸ Heunoi Uyo, akasimbiswa zvakakwana, Mhesiya. Haana chaakati ndiYe akachiita. Akati, “Hapana chandinogona kuita asi zvandinooona Baba vangu vachiita.” Uye Akavapikisa kuti vabvunze kana akanga ari Mhesiya.

¹⁹⁹ Uye tarirai kamudzimai kaduku kaya kaiva nehunhu hwakaipa; akazvicherechedza. Mudzimai, akanga asina kuzadzwa nedzidziso yakatsveyama. Rambiri rakanga risina. . .

Akanga aine hunhu hwakaipa, ndizvo chaizvo. Hapana aikwanisa kugamuchira zvakadaro. Mirairo yaMwari yaizvipomera. Akanga aine hunhu hwakaipa. Asi iye . . .

²⁰⁰ Munoono, Mwari havakutonge pane hwako . . . izvo zvauri. Vanofarira . . . Havatongi kuti wakakura zvakadini kana kuti uri muduku zvakadini. Vanotonga moyo wako, zvaunoda kuva.

²⁰¹ Uye akanga asingadi chimwe chezvinhu izvozvo. Zvino Izvi pazvakavaima pamberi pake, Ndizvo zvaakanga achida. Zvisinei kuti akanga akaita sei ipapo, akanga akagadzirira kuuya. Maona? Mwari vanotonga moyo. Munhu anotonga zvinooneka kunze. Mwari vanotarisa pamoyo. Zvisinei kuti aive akadini; Chiedza chiya chakapenya, zvakabva zvaringana. Akabata zvi—zvi—zvi—zvinonyatsoreva Upenyu Usingaperi.

²⁰² O, ini zvangu, zvakapfuma sei izvi, kwandiri, munoono, kuona nokuziva kuti iChokwadi. Ndicha—ndichamira neIzvi. Ndicharega . . . Mwari weKudenga achamutsa, uye inzwi rangu richange riri patepi yemagnetu yenguva huru yaMwari kumusoro, uye richapomera chizvarwa chino muzuva rokupedzisira. Nokuti, riri—riri patepi, ipapo richange riri patepi yemunaZiendanakuenda. Ndizvo chaizvo. Ropomera chizvarwa chino chevaparidzi vanongori nechimiro chehumwari, vachiramba Simba reShoko nokuratidzwa kwaRo paRakanyatsoziviswa kuti Achiri Jesu Kristu, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Ndinovapomera, neShoko raMwari.

²⁰³ Ndinofanira kuenda kune imwe vimbiso, nokukurumidza, nokuti tinongori kuda nemaminiti gumi nemashanu.

²⁰⁴ “Ipapo ivo—ipapo ivo . . .” Chii? O, ini zvangu! Karivhari! Uye ivo “vakaroverera” Iye, chechitatu. VakaMuroverera, nokusacherechedza Shoko raMwari rakavimbiswa rakaratidzwa. Uye sei vakaroverera Murume uyu? Ungazvifungidzirewo here? Regai ndidzokere kumashure kweminiti. Sei vanhu ava vakaroverera Munhu akadai? SaMaria . . .

²⁰⁵ Sekuverenga kwandakaita rimwe bhuku pane imwe nguva, rinonzi *Muchinda WeImba YaDhavhidha*. Rakanyorwa naIngraham, Doctor Ingraham. Bhuku rinoshamisa! Mutambo, unofanira kunge uri muchidimbu wechokwadi, wezvinyorwa zvakare zvakatorwa kune mumwe mudzimai anonzi Adina, kuti iye . . . Akaenda kuPalestine, achibva—achibva zasi kuEgipita, kuCairo, ndinotenda kwaive ikoko, kuti apedzise dzidzo yake. Zvino akanga ariko mumazuva a—akristu, zvino aifanirwa kunge ari kunyorera kuna baba vake. Zvingaita zvakanaka kana ukaritora woRiverenga. Iroro, rakanaka kwazvo, *Muchinda WeImba YaDhavhidha*. Murume mumwe chete akanyora *Shongwe yeMoto*; zvino, kubva pariri, Cecil DeMille akatora *Mirairo Ine Gumi*.

206 Zvino tinoona kuti, mubhuku iri, Adina uyu akanyora ndokutumira. Zvino akati, nomusi wokurovererwa, kuti Maria Magdarene, uyo waAkadzinga madhimoni manomwe, akamhanya pamberi pemhomho yevanhu, ndokuti, “Chii chaAkaita? Chii chaAkaita? Kunze kwekupodza varwere nokuedza kudzikinura avo vakanga vari mutorongo! Chii chaAkaita kunze kwezvakanaka? Mumwe munhu ngaazvitaure!”

207 Zvino mumwe murume ndokumuwatsura kunge achabuda muchivanze, potse, ndokuti, “Mungatenda here mudzimai uyo benzi, kupfuura vaprisita venyu?”

208 Hezvoka izvo. Maona? Chii chaAkanga aita? Hapana chaAkaita. Ko sei vakaMuroverera? Sei? Sei? Nokuti havana kucherechedza kuti Aive Ani.

209 Ndicho chinhu chimwe chete nhasi. Vaparidzi, nevanhu vemazuva ano, nevadzidzisi vedu vechimanjemanje, vanyatsoisa mupfungwa dzevanhu kuti vatende kuti Izvi “huroyi, kana dhiyabhore, kana zvekuverenga pfungwa, kana rimwe saramusi, kana imwewo mhando yemanomano,” kusvikira vanhu havachacherechedzi kuti ndiko kusimbiswa kweShoko raMwari rezuva rino. Ndizvo zviratidzo zvezuva rokupedzisira.

210 Makereke, kana usiri wesangano ravo, vanoti, “Ah, saka, zvinhu zvokungogadzira. Ma—masaramusi. Saka, tarirai zasi uko kuna *Nhingi-nhingi* na*Nhingi-nhingi*.” Asi ngavaratidzeka pane imwe nguva kuti Chinhu chemazvirokwazvo ichi masaramusi. Uh-huh. Regai varatidze pane imwe nguva kuti Zvakatsveyama. Havakwanise kuzviita. Hapana pazvakambozivikanwa kuti zvakatsveyama, uye hazvizomboitiki, nokuti NdiMwari. Maona? Asi vanoda kunongedzera.

211 Vanofunga, “O, saka, dai aive mumwe munhu ane zita guru!” Nokuda kwekuti iboka duku, boka duku rinoita sokunge rakaraswa, “Handiti, takadzinga munhu uyo kubva mukereke yedu.” Maona? “Ivo, vaisimbouya kuboka redu, munoona, asi vakaenda uko *neiri*, uye vakaenda uko *neiro*, uye zvino, munoona, vanopedzisira . . . Saka, tarira kuti chii, ndiyani.”

212 Handina basa. Vaigona kunge vakataura zvimwe chete pana Petro, James, naJohane. “Munhu asingazive asina kudzidza,” vakadaro. Asi vakatocherechedza, pane chakange chaitika kubvira panguva iyoyo. Vakanga vaina Jesu. Ndizvo zvakaita mutsauko. Maona?

213 Vakazviita nokuda kwekuti vakanga vasiri kuziva kuti Iye Aive ani. Havana kuziva kuti kusimbiswa kweShoko raMwari kwakanga kusina kumira ipapo muzuva iroro . . . Zvino, zvaimbove pane rimwe zuva, uye zvakanga zvakanaka; zvakanga vakadaro, pane rimwe zuva, kungochengeta mirairo nezvimwe. Asi mirairo mimwe chete yakambovapo, yavaichengeta,

yaivanongedzera kune imwe nguva iyo yaAizouya zvino ova Munhu uyo waAifanira kunge ari. Vaiva nechikamu *ichi*, asi havana kuzatora chimwe chikamu *chacho*.

²¹⁴ Zvino ndicho chinhu chimwe chete chavari kuita zvino. Vane kereke, uye ivo “vanotenda muna Jesu Kristu,” uye vanoti vanodaro, nezvimwe, asi vanoramba nguva yatiri kurarama mairi! Zvichiri kungodzosa tsumo yakare zvakare: munhu nguva dzose anorumbidza Mwari nokuda kwezvaAkaita, achitarisira kune zvaAnozoita, uye, kana kuti zvaachaita, achisiya zvaAri kuita, zvino izvozvo zvichizomupomera. Maona? Vanofunga, “Mwari vanoshamisa. Mukuru kwazvo! ZvaAchaita: Achauya, zvino kwova neKubvtutwa, rimwe zuva, toenda Kumusha,” uye vachiramba zviratidzo nezvishamiso zviri ipo pano panguva iyo Gwaro rinotaura kuti Anenge ari kuzviita. Vopotsa Chinhu chacho chose!

²¹⁵ “Kana bofu rikatungamirira rimwe bofu,” Jesu akati, “vose vanowira mugoronga.” Tingonamata kuti Mwari vazarure meso edu mumazuva ano okupedzisira. Zvakakanaka.

²¹⁶ Iye zvino, zvimwe chete, vanoita zvimwezvo nhasi. Vanoramba nokurovera Mwari mumwe chete, nhasi, nokuda kwekusaMuziva. Zvimwe chete, nokuMuramba. Zvino nokuita, nokuramba, zvinhu zvakavari kuita nhasi, havarovereri Kristu zvakare, chaiye, asi vanomhura Mweya Mutsvene. Zvino nokuda kwekuzviita, vari kudaro. Ko vanomhura sei Mweya Mutsvene? Sei?

²¹⁷ Ko vakaUmhura sei ikoko, kareko? Handiti, vakanga vasingakwanise kuUmhura kareko; Wakanga usati wauya panguva iyoyo. Vakadana Jesu kuti, “Bherizebhabhu,” vakaMuti “Bherizebhabhu,” nokuti Aikwanisa kuziva zvakananzika zvemoyo yavo, nezvimwe. Vakati, “Uyu ndidhiyabhore.” Nemamwe mashoko, “Muvuki. Ndiwo maitiro aanozviita, nokuvuka. Hapana zvimwe zvaari kunze kwadhiyabhore.” Munoono, havana kumbova nemuporofita kwemazana mana emakore, zvino vakanga vatobva pazviri. Maona? Vakanga vangori nemirairo yavo. Vakati, “Uyu ndiBherizebhabhu.”

²¹⁸ Zvino Jesu akati, “Ndichakuregererai pane izvozvo, asi kana Mweya Mutsvene auya,” munoono, zvino, “ukataura inzwi rimwe chete rinopesana naWo, zvino haufe wakazviregererwa.”

²¹⁹ Rangarirai, zvichadaro, uye hazvikwanisike, nenzira ipi zvayo, hapana tsitsi, kana uchinge wamhura, wodana Mweya waMwari, Shoko raMwari riri kusimbiswa neMweya... Munoono, Shoko rinotaura *kudaro*, Mweya uri kuRisimbisa, zvino woRiti “chinhu chine tsvina,” unenge wayambuka muganhu wepakati petsitsi nekutongwa, zvino haukwanise kuzviregererwa.

²²⁰ Ndicho chikonzero ndichipomera chizvarwa chino, kuve nemhosva, yokurovera, kumhura Mwanakomana waMwari

akaratidzwa sokuvimbiswa kwaAkaitwa ne vaporofita vose, uye Kristu pachaKe, kuti aizovepo mumazuva okupedzisira; sezvazvaiva mumazuva aNowa, mumazuva eSodhoma. Kumhura! Uyo, wavanoroverera, kuvanhu, Mwanakomana waMwari patsva, Shoko raKe rakasimbiswa. Shoko rimwe chete rokuRipikisa harigoni kuregererwa.

²²¹ Zvino chii chauchaita zvino? Uchamira papi? Vakapomerwa mhosva, vakangomirira nguva apo hasha dzaMwari dzichadururwa. Dzichavapwanya-pwanya.

²²² Kuda dzidziso dzemasangano akagadzirwa nevanhu nezvitendwa kudarika zvavanoita Shoko raMwari rakasimbiswa; chizvarwa chino chevanhu. O! Ndi—ndinoshuwa kuti dai ndanga ndiine nguva yakareba yeizvi. Maona? Chizvarwa chino chevanhu, chizvarwa chino chinoramba chizaruro *chaMwari*. Asi tiri kufamba pakafambwa nevaapostori. Ndizvo chaizvo.

“‘Mwari,’ ungaro? Zvakanaka, vamwe vanotaurawo kudaro zvakare.” Mwari vanoRisimbisa.

²²³ Jesu akati, “Kana—kana—kana mabasa asingataure nezvaNgu, zvino chingoendererai mberi muchiti Ndini ndiri kuzvitaura pachaNgu. Asi kana mabasa achitaura, unofanirwa kutenda mabasa, munooona, nokuti ndiyo nguva yacho.” Ndokuti, “Munoziva mangwana zuva richange richipenya, kana kuti kuchava nemamiriro ekunze akaipa; nokuti denga rakatsvuka nokushanduka nokukasika, mangwana kuchange kwakanaka.” Ndokuti, “Munokwanisa kunzvera matenga; asi zviratidzo zvenguva, hapana chamunoziva nezvazvo. Dai maiziva Mwari, mungadai makaziva zuva raNgu.”

²²⁴ Zvino vakati, “UnoZvisimudzira zvikuru; Unozviita Mwari pachako.” Zvino vakaMuisa pamuchinjikwa.

²²⁵ Zvino Mweya Mutsvene, nhasi, hausi Munhu wechitatu. NdiMwari, pachaKe, akaratidzwa munyama yemunhu, neRopa raJesu Kristu, kuchenesa hupenyu hwaAnokwanisa kuZviratidza nemahuri. Zvino vanoroverera Shoko rimwe chete rakaratidzwa. Manzwisisa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kurovererwa kwaKristu, nhasi, vanhu vacharamba Mwanakomana waMwari akasimbiswa nokuratidzwa pakati pevanhu, nezvinhu zvaKe—zvaKe zvaAkati zvaizoitika muzuva rino neShoko raKe. Maona?

²²⁶ Zvino, kusimbiswa kumwe chete, kunofanira kunge kwakafanana, kana Iye ari Mwanakomana waMwari mumwe chete, nokuti Akati munaMutsvene Johane 14:12, zvino, kuti, “Mabasa Andinoita nemiwo muchaaita.” VaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” “Kana mukagara maNdiri,” Johane 15, “kana mukagara maNdiri, uye mashoko aNgu achigara mamuri, chingokumbira chero chaunoda zvino uchachiwiwa.” Hongu, changamire!

227 Rangarirai, vakanga vari vanhu chaivo vezvekunamata vakaita izvozvo. Vakanga vasiri vanhu vekunze. Vakanga vari vanhu vezvokunamata vezuva iroro. Uye ndivo vari kuzviita nhasi, vanhu vanamati; kurovererwa kumwe chete, chinhu chimwe chete nhasi. Nokukasika . . .

228 “Ipapo ivo ndipo pavakaMuroverera,” kare, zvino. Ichokwadi. Kare vairamba Shoko raMwari rakanga raratidzwa, vachigamuchira zvitendwa zvavo panzvimbo yeShoko.

229 Ndizvo here zvavari kuita nhasi? Ndizvo chaizvo, vari kuita zvimwe chete nhasi. Akanga ari Shoko; zvino vakaramba Shoko. Ndicho chinhu chimwe chete chandisiri kuda kuti mupotse, munoono, handidi kuti mupotse. Akanga ari Shoko, zvino pavakaMuramba, vakaramba Shoko. Zvino pavakaMuramba, pakupedzisira vakaMuroverera. Uye ndizvo zvavaita nhasi: kuramba Shoko raMwari, ndokugamuchira zvitendwa zvavo; zvino varoverera, paruzhinji, pamberi peungano yavo, kushanda kweMweya Mutsvene. Zvino vane mhosva, zvino ndinovapomera mhosva nemuZita raJesu Kristu.

230 Makore gumi nemashanu ndaMuona achipfuura nemunyika yose, kunyange zvakadaro vanobatirira kuzvitendwa zvavo. Vane mhosva! Vakatora Shoko iro ringadai rakaunza kereke, makereke ose pamwe chete, nokugadzira mubatanidzwa mukuru wehama pakati pemaPentekosti nevamwe vose; panzvimbo yekudaro, vakaRiramba, vakasaRigamuchira, vakaita dambe naRo, ndokuRidana zvinhu zvose zvino.

231 Uye zvino, nemubatanidzwa wekereke, kubudikidza nezano radhiyabhoori, vachiedza kuuya vachiti, “Iye zvino tichauya, kuzotenga Mafuta.” Vakarambwa. Uye vaka . . . Vane mhosva yokuroverera Jesu Kristu. Unozvitora nenzira yaMwari, nokuti nzira yako haishande. Maona?

232 Vakarambira Shoko raMwari rakaratidzwa, nokuda kwezvitendwa zvavo, uye vari kuita zvimwe chete nhasi. “Akanga Ari Shoko,” Johane, Mutsvene Johane 1. VaHebheru 13:8 inoti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Iye zvino vave kuMuroverera patsva.

233 Munoziva here kuti Bhaibheri rakati tinokwanisa kuzviita? Vangani vangada kuverenga zvishoma? Mungandipewo here mamwe maminitsi gumi nemashanu awo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Ngatizarurei zvino, kweminiti, “kuroverera patsva.” Ngatiendei kuna vaHebheru, chitsauko 6, tigoverenga zvishoma. VaHebheru chitsauko 6, tione kana tichi “roverera Mwanakomana waMwari patsva,” tione kana zvichigona kuitwa.

Unoti, “Haukwanise kuMuroverera kechipiri.”

234 Tichaona kana tichikwanisa kana kuti kwete. Shoko raMwari nderechokwadi. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] VaHebheru 6:1.

Naizvozvo ngatisiye shoko rokutanga kwaKristu, tipfuurire mberi pakukwaniswa; kwete kuisa nheyo dzokutendeuka nemabasa akafa, nedzokutenda kunaMwari,

Uye nedzedzidziso yorubhabhatidzo, . . .kuisa mawoko, nedzokumuka kwavakafa, nedzokutongwa kusingaperi.

. . . izvo tichazviita, kana Mwari vatendera.

²³⁵ Munoono, Pauro anoda kuziva kuti zvinhu izvi pano zvinonyatsodikanwa; rubhabhatidzo, kuisa mawoko pamusoro, rumuko, Kuuya kwechipiri. Zvinhu zvese izvi ndezve munaZiendanakuenda. NdezveChokwadi zvezmazvirokwazvo.

²³⁶ Zvino cherechedzai, “Nokuti hazvikwanisike.” Riverengei neni, ndima imwe iyi. Ndinoda kuti muiverenge neni zvino, ndima 4. [Hama Branham neungano vanoverenga ndima nhatu dzinotevera pamwe chete—Mupepeti.]

Nokuti kana vari ivo vakambovhenekerwa, vakaravira chipo chokudenga, vakagoverwa Mweya Mutsvene,

Vakaravira shoko rakanaka raMwari, namasimba enyika inouya,

Kana vakazotsauka, hazvibviri kuvavandudzazve kuti vatendeuke; nokuti vano zvirovererazve Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa, vachimunyadzisa pachena.

²³⁷ Zvino, ishoko rangu here, kana kuti raKe? “Munhu anosvika pazivo.” Rangarirai, havana kumboUwana. Vaiva vatendi vepamuganhu. “Mushure mokunge tagamuchira zivo yeShoko raMwari,” unowana kubva kuruzivo, kubva pakuverenga nokuUona, “zvino woUramba, zvararo, iwe, hazvichakwanisiki kuti ufe wakamboponeswa.” Mazviverenga here zvino? Munoono, “Vagamuchira ruzivo rweChokwadi,” zvisoma, unonzwisisa, haana kuUwana.

²³⁸ Zvakafanana nevatendi vaya vakabuda. Mufananidzo chaiwo werwendo. Rwuno, rwuno rwechitatu, ino eksodho yechitatu, inongori mufananidzo wemamwe ose. Tarirai, onai kareko. Regai ndikuratidzei chimwe chinhu zvino, kwechinguvana. Ruregerero pachitaurwa. Tarirai.

²³⁹ Israeri yakatora varume gumi nevaviri, mumwe kubva kurudzi rwega-rwega, mukuru wesangano, ndokuvatora kuenda navo kumhenderekedzo yemuganhu wenyika, nyika yevimbiso, ndokuvaratidza zvinhu zvakana zvakanga zviru kuzouya, zvakanga vainazvo. Zvino vakadzoka, vachinyunyuta, kuti, “Hatikwanise kuzviita.”

²⁴⁰ Asi paiva nevaviri kubva pane gumi nevaviri, Joshua naKarebhi, vakati vakatarisa paShoko. “Mwari vakati ndeyedu, uye tinogona nokupfuurira kuitora.” Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²⁴¹ Chakanga chiri chii? Vatendi vepamuganhu. Munoono, chaizvoizvo vakaberekerwa mukereke. Vakanga vari vakuru vevanhu. Vakanga vari mabhishopi, tingangoti, vakanyatsofamba vachidzika uko Shoko raMwari rakanyatsoratidzwa kuti iChokwadi. “Heyo nyika yacho!” Vakange vasina kumbosvikako. Vakanga vasingazive kuti yaiveko. Asi vakaendako vakaona kuti yaiveko. “Heyoka iyo!” Zvino Karebhi naJoshua vakaenda mhiriko, ndokudzoka vaine chi—chi—chitsumbu chemazambiringa uye ndokuvaita kuti vadye mamwe acho. Zvino vakaravira zvemunyika yakanaka, zvino ndokubva vadzoka vachiti, “Hatigoni kuzviita. Maona? Hatitombozvikwanisi.”

²⁴² Herinoini boka rimwe chete, mumazuva aJesu Kristu. “Rabhi, tinoziva kuti Muri mudzidzisi akabva kunaMwari.” Maona? Vepamuganhu! “Tinoziva kuti Muri mudzidzisi akabva kunaMwari. Hakuna munhu angagona kuita zvaMunoita. Tinocherechedza kuti Mwari vanofanira kunge varipo.” Sei vasina kuzvigamuchira? Sei vasina kuzvitora? Vepamuganhu! Vepamuganhu!

²⁴³ Hevanoini ava paeksodho ino yechitatu; chiratidzo chimwe chete, kuratidzwa kumwe chete, Kristu mumwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete, mabasa mamwe chete, Mwari mumwe chete, Mharidzo imwe chete, asi havakwanise kuItora. Vanotozofanirwa kusiya kadhi ravo rehuhengo. Chii? “Vanga vaine ruzivo rweChokwadi.” Vakatarisa ndokuona kuti chaive Chokwadi zvezmazvirokwazvo. Havagone kuChiramba. Mamagazini anofanira kapupura vakatoZviona. Mifananidzo, mapepa, humboo, kumuka kwevakafa, magwaro avanachiremba evarwere, vanofanira kutaura kuti ndiYe. Uye zvakafanotaurwa, pasina kana chimwe chazvo chakambokundika zvichidzika nemumakore ose, chimwe nechimwe chazvo chakayereka nemazvo, havana zvakavangataura kunze kwekuti ndiMwari. Asi havakwanise kuZvigamuchira.

²⁴⁴ Boka riya revashumiri muChicago, mazana matatu nevanoraudzira vavo, vakanga vari kuzouya kuno kuzobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu. Varipiko? Mubhadharo wacho wakakurisa. Havakwanise kuzviita. Chii? Bhaibheri rakati, pavanozviita, chii chavanoita? Vanozvipsanura pakati petsitsi nekutongwa. “Nokuti hazvikwanisike kune avo vakambojekerwa,” vakaunzwa kuti vaZvitarise, “uye vakava nezivo yeChokwadi, uye vakaravira Shoko raMwari rakanaka, kana vakatsauka kubva paRiri, pavanofanira kunge vachizvivandudza zvakare, voti, ‘Saka, zvino, ndichadaro, hongu, . . .’”

²⁴⁵ Imi maPresbyteriani, imi maMethodisti, nemaBaptisti, nemaLutherani, neiyi Full Gospel Business Men, vachiti vari “kupinda mukati,” vakaramba Mharidzo. Kereke yenyu ichadaro. Pachava nevamwe vanhu ipapo, chokwadi. Asi, kwete

kereke; munofanirwa kubuda mukereke, kuti muIwane. Maona? Ndizvo chaizvo. Munhu nemunhu zvakanaka.

246 Asi pamunofunga kuti kereke yePresbyteriani yave kuzogamuchira Mweya Mutsvene, uye vose vanotora magwaro avo, zvino, musambofunga zvakadaro. Uye munofunga kuti imi maMethodisti muchazviita? Hamusi kuzozviita. Munofunga here kuti imi maTrinitariani muchafa makagamuchira Zita raJesu Kristu uye mose mobhabhatidzwa mu...Hamufi makazviita. Hamufi makazviita. Asi vanhu mumwe nomumwe vachabudamo uye vogozviita, ndizvo chaizvo, uye ndicho chiratidzo cheKuuya kwaKe. Asi makereke ayo akaona Chokwadi, zvino voChiramba mumakanzuru avo, “hazvikwanisike.”

247 Zvino, vane mhosva yokuroverera Jesu Kristu. Uye ndinovapomera neShoko raMwari, kuti Mwari vane... “Munovapomera mhosva sei, Hama Branham?” Ndinovapomera, nokuti Mwari vakaZviratidza zviripachena muShoko raVo, mumazuva okupedzisira, uye ndokuZvizivisa kuti Vachiri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, asi vakanyatsoZviramba. Uye mune mhosva yokuroverera Jesu Kristu pamuchinjikwa, kubudikidza nokumhura Mweya Mutsvene. Ndizvo chaizvo.

248 Tinoenda nemi kuna vaHebheru 10, zvakare, kwatinoudzwa zvakare muMagwaro, kwete bedzi “kusangokwanisika,” asi haukwanisi zvachose. Zvinokupatsanura kubva kunaMwari, zvemunaZiendanakuenda. Hauchakwanisa kuuya muHupo hwaMwari zvakare, kana uchinge waramba Mweya Mutsvene nokuita dambe naWo.

249 Zvino, onai, “vakaravira Shoko.” Munoono, vatendi vapamuganhu!

“O, unoti machinda aya vakanga vasiri vatendi?”

250 Vaiva vatendi, kana kuti vaipupura kuti vatendi, asi pazvakasvika paShoko...Vaiva vaIsraeri. Vakabuda pasi peropa. Vakabuda pasi pezviratidzo zvaMosesi. Vakanga vaona zviratidzo zviya zvichishanda.

Mwari vakati, “Ndichakuendesai mhiri uko.”

251 Zvino pazvakanyatsosvika pane zvepamavambo zveShoko rakavimbiswa rakanga riri kuuya, vakati kudini? “O, hatikwanise kuzviita.” Maona?

252 Zvino hevanoi vanodzoka, nemazambiringa nezvimwe zvose, kuratidza kuti nyika yacho yaive yakanaka. Shoko raMwari nderemazvirokwazvo. Mwari vakati, “Ndaipa kwamuri.”

253 Asi zvakaipoteredza, “Ini zvangu,” vakati, “tinoratidzika semhashu, pedyo navo. Hatikwanise kuzviita, zvisinei kuti chii.”

254 Makore mashoma apfuura apo imba ino yakare yakange yakamira pano setabhenakeri, mumwe munhu akapinda, ndokufamba imomo ndokutaura neni, ndokuti, “Billy,

uchaparidzira kumbiru ina, rimwe ramazuva ano, neMharidzo dzakadai.”

²⁵⁵ Ndikati, “Ndichange ndichiparidzira kumbiru ina, nokuti Mwari vanokwanisa nembiru idzodzi kumutsa vana kunaAbrahama.” Hongu, changamire. Ichi iChokwadi. Ndikati, “Kana uine chimwe chinhu chinoIshaisa maturo, tipe kuno.” Kungofarira kukukuridza, asi kana zvasvika panzvimbo yokuzviratidza, zvasiyana. Hongu, ndizvo zvinoita mutsauko. Zvakanaka.

²⁵⁶ Hongu, nezvitendwa zvavo vanoMuroverera patsva. Zvino vaHebheru chitsauko 6, toenderera mberi tichidzika. Zvino tinogona kuramba tichiverenga tichidzika, tichidzika nemuno umu. Tine nguva yakawanda. Ndamaka Gwaro pano apo pazvinenge zviri, VaHebheru chitsauko 6. Regai, ndinofungira, titore yose. “Hazvibviri kuti avo vakambojekerwa, vakaitwa vadyi veMweya Mutsvene...” Hatina nguva yekuenda kure, nokuti ndine rimwe Gwaro randiri kuda kuti muverenge munguva shoma. Cherechedzai izvi, “Vanozviroverera Mwanakomana waMwari patsva.” Chii chavanoita? Chii? Nokuda kwekuravira, uye nokuziva kuti Iyo iChokwadi, zvino votendeuka voIramba. Chii chazvinoita? “Hazvibviri...”

²⁵⁷ Saka ndizvo zvakaitwa nenyika ino. Ndizvo zvakaitwa nevanhu ava. Ndizvo zvakaitwa nemakereke aya. VaIramba, uye varoverera Mharidzo. Vakaroverera Chokwadi, kune vanhu. Vakadini kunaJesu? VakaMunyadzisa, ndokukumura hanzu dzaKe kubva paAri, ndokuMurembedza pamuchinjikwa ndokuMuroverera ipapo, Muchinda weUpenyu. Chinhu chimwe chete chavaita nhasi nezvitendwa zvavo! Vaita chinhu chimwe chete. Vakakumura zvinhu, vakakumura hu—hunaku nehanzu yeEvhangeri, nokuedza kulisa kumwewo kunhu, zvino ndokumurembedza pamuchinjikwa. O, ini zvangu! Sei?

²⁵⁸ “Ipapo ivo—ipapo ivo vakaroverera,” zvino chitaurwa chokupedzisira, “Iye,” Iye, Munhu uyu akakoshesesa. Ko sei vakazviita? Vakanga vasingaMuzive. Sei vari kuzviita nhasi? Havazive kuti ichi iChokwadi. Zvi—zvimumumu nemapofu kwaChiri. HavaChizivi. Ndicho chikonzero. Zvitendwa zvavo netsika zvavaendesa kure neShoko raMwari.

²⁵⁹ Zvino kunemi pano, mukungovhara zvino, nyatsoteereresai. Maona? Ndinoziva kuti kuri kupisa. Ndiri kupiswawo, zvakare.

²⁶⁰ Asi, o, hama, Shoko iri Hupenyu kana ukabatirira paRiri. Tarirai, Handi chinhu chatinotaura nezvacho, chingangoitika zvino kana munguva inotevera; Chinhu chitori pamwe nesu pano nekare uye chiri kuitika izvozvi. Kwete chimwe chinhu chichazouya; chinhu chatovepo kare. Hatisi kupupura, “Tinoziva zvaAkaita; tinoziva zvaAchaita,” asi iye zvino tiri kutaura zvaAri kuita. Maona? Ino inguva yedu.

261 Tinogona kutadza kurarama zvokuona Kubvutwa. Ndinogona kufa nhasi; unogona kufa nhasi. Handizivi. Asi Kubvutwa kuri kuuya. Ndipo—ndipo, kana kwauya, tichange tiripo, musanetseka; uh-huh, ndizvo zvichaitawo vamwe vose nemumazera ose, vakazvitenda nokuzvitarisira. Vakafamba muChiedza chezuva ravo.

262 Uye hechinoi Chiedza, Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Siya zvitendwa zvako ugotenda Shoko rino. *Ichi* iChokwadi. Shoko iChokwadi. Jesu akati, “Shoko raNgu Mweya, Shoko raNgu Upenyu.” Ko uchagamuchira sei Upenyu iwe uchiramba Upenyu? Ko ungazitora sei chitendwa, chinova rufu, pamwe neShoko reUpenyu? Kuramba Shoko reUpenyu, kuti utore rufu, ko uchagamuchira sei zviri zviriviri panguva imwe chete? Haukwanise kuzviita. “Regai shoko remunhu wese rive nhema, chitendwa chose chive nhema.” Shoko raMwari ndiro Chokwadi.

263 Ndinopikisa chero munhu kuti andiratidze, chero munhu. . . Uye ndinoziva kuti tepi ino inopoterera pasi rose. Chero munhu, chero mubhishopi, anouya mukamuri yangu yekuverengera, kana pamberi peungano ino, agonongedzera nechigunwe chake nzvimbo imwe chete apo mumwe munhu akabhabhatidzwa nemuZita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” muTestamende Itsva. Ndichakuratidzai apo munhu wese akambobhabhatidzwa. . . Uye avo vakabhabhatidzwa zvakasiyana, vakatouya vakabhabhatidzwa zvakare, kuti vawane Mweya Mutsvene.

264 Chii chauchaita nezvazvo? Kugara kunze uko muzvitendwa zvako? Kugara kunze uko mudzidziso dzako ugofa? Une mhosva! Nemaoko ane utsinye, matora Muchinda weUpenyu, Shoko reUpenyu, ndokuRiroverera kuvanhu.

265 Zvino chii chavakaita? Havana kuzviziva. Nhasi vanhu vanofamba vasingazive. Havazive kuti ndicho Chokwadi. Vanofunga kuti imwewo mhando yechitendwa. Havachere zvakadzika zvakakwana kuti vapinde muMweya wechizaruro. Havanamati zvakakwana. Havadani panaMwari zvakakwana.

266 VanongoRitora zvakareruka, “O, zvakanaka, ndinotenda kuti kuna Mwari. Ichokwadi!” Dhiyabhore anotenda zvinhu zvimwe chete. Dhiyabhore anozvitenda kudarika zvinotaurwa nevamwe vanhu kuti vanotenda. Dhiyabhore anozvitenda uye anodendera. Vanhu vanongozvitenda voramba vachienda mberi. Asi dhiyabhore anodendera, achiziva kuti Kutongwa kwake kuri kuuya, zvino vanhu vanozvitenda uye havana hanyn’a neKutongwa kuri kuuya.

267 Vane mhosva yekuMuroverera! Chokwadi! Ndinopomera chizvarwa chino, ndichivawana vaine mhosva, kubudikidza neShoko rimwe chete rakavawana vaine mhosva pakutanga. Ndizvo chaizvo. Jesu akati, “Ndiyani anogona kuNdipomera

mhosva?” Akanga ari Shoko rakaitwa nyama. Uye nhasi Shoko rimwe chete rakaitwa nyama.

²⁶⁸ Petro akati mukuvapomera kwake, munaMabasa. Regai tingozviverenga. Petro, paakaona izvi zvichiitika, zvavakanga vaita, Mweya...Tarirai, Petro akanga ari kumiririra Kristu, pane zvavakanga vaita. Ndiri kumiririra zviri Evhangeri. Ini...Petro akanga ari kuvapomera mhosva yokuuraya Munhu wacho, Kristu, Uyo akanga ari Shoko. Ndiri kupomera mhosva chizvarwa chino nokuda kwekuedza kuuraya Shoko iro riri kuratidzwa muvanhu. Tarirai zvakataurwa naPetro. Hasha dzake tsvene dzakanga dzasimukira kwazvo. Muteererei pano munaMabasa chitsauko 2, kutangira pandima 22.

Imi varume vaIsraeri, donzwai mashoko aya; Jesu weNazareta, akaratidzwa, murume akaratidzwa naMwari kwamuri nezvishamiso, . . .zviratidzo, zvakaitwa naMwari pakati se . . .penyu naye, sezvamunoziva imi momene:

²⁶⁹ Whew! Ndinofungidzira kuti vakanzwa sei! Teerera kwazviri.

Imi varume veIsraeri, muchinda, imi varume vemukereke, imi varume vatsvene, imi vaprisita, imi varume munofanira kunge muri vanhu vaMwari, donzwai mashoko aya; Jesu weNazareta akaratidzwa naMwari pakati penyu . . .

²⁷⁰ Zvino ndinoti kwamuri imi vashumiri, nekunemi vanhu. Jesu weNazareta, Mweya Mutsvene, Ari pano muMunhu weMweya Mutsvene, uho hwaiva Hupenyu hwaiva maAri. Ari pano achishanda nemuvanhu, uye Achizviratidza nezviratidzo nemashura ayo aAnoita. Uye pano vakarembedza pamadziro, kuratidzwa nesainzi. Uye vanhu vagere pano, vakanga vafa, vari kurarama nhasi; uye vakadyiwa nekenza, vane utano nhasi; vakapofomara, vari kuona nhasi; nemhetamakumbo, dziri kufamba nhasi. Iye ndiJesu weNazareta.

Iye, wakaiswa kwamuri nomutemo nokuziva zviri mberi kwaMwari, kutemerwa kuita basa raKe, makatora, namawoko ane utsinye uye muka . . .uraya:

²⁷¹ Ku—kupomera mhosva here uku? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ari kupomera chii? Iya Kanzuru yeSanhedrini.

²⁷² Zvino ndiri kupomera, mangwanani ano, mubatanidzwa wemakereke. Ndiri kupomera maPentekosti. Ndiri kupomera maPresbyteriani, maBaptisti, nesangano rose riri pasi pose. Nehundyire hune utsinye, nehundini makatora Shoko reUpenyu ndokuRiroverera pamberi pevanhu, nokuRimhura, ndokuRidana kuti “kupengereka,” rinova rakasimudzwa naMwari pakati pedu kuratidza kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndinopomera chizvarwa chino!

273 Mwari vakazviratidza kuti vapenyu. Mwari vakaratidza kuti Iri iShoko raVo. Ko chii chamuinacho kunze kweboka rezvitevedzwa nezvitendwa! Ndepapi pamunogona kuratidza Mwari mupenyu? Nokuti makaramba Shoko reUpenyu ringadai rakakupai zvinhu izvi. Hongu, changamire! O, inguva yakadiniko yatiri kurarama mairi zvino. Whew! Zvimwe chete! O, ndinodana. . .

Petro akati. . .makatora, *nemawoko ane utsinye ndokumurovera nokuuraya:*

Iye wakamutswa. . .naMwari, amusunungura pakurwadziwa kwerufu: nokuti zvakanga zvisingabviri kuti abatwe narwo.

274 Zvino kubudikidza nezvitendwa zvenyu, nemasangano enyu, nemakereke enyu, nechimiro chenyu chehumwari, zvichiri kungotaura. Zvimiro zvenyu zvehumwari, makaramba simba raKe rokumuka kune vakafa.

275 Asi nguva yasvika, mazuva okupedzisira ave pano, apo Mwari vakavimbisa, maererano naMaraki 4, kuti achamutsa mumazuva okupedzisira, “uye achadzorerer moyo yevanhu zvakare kumaropafadzo epakutanga pamwe noKutenda kwepentekosti kwemadzibaba.” Uye haukwanise kuzviramba, uye haukwanise kuzvipikisa.

276 Zvino ndinokupomerai, mhosva, uye nokukudenhai, uye nokukupomerai pamberi paMwari, kuti nemawoko ane utsinye, neundini, emasangano maroverera Shoko raMwari pamberi pevanhu. Uye ndinokudanai kuti mune mhosva uye magadzirira Kutongwa. Amen. Hongu, changamire!

277 Ndinodanira chinhu chimwe chete chakaitwa naPetro. Akadanira kutendeuka kuchizvarwa ichocho. Ndinodanira kutendeuka kuchizvarwa chino, kutendeukira kunaMwari, zvino mugodzoka kuChokwadi cheShoko chepakutanga. Dzokai paKutenda kwemadzibaba edu. Dzokai kuMweya Mutsvene, nokuti Mwari havakwanise kuUshandura.

278 Zvino Mwari pavakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda,” Vanofanirwa kugara nazvo nemunaZiendanakuenda rose. IShoko ravo.

279 Pamunoti, “Kwazisanai mawoko, kana kuti torai chirairo,” kana zvimwe zvakadaro, kana vamwe pachitendwa icho, kanawo chimwe chiri papfungwa iyoyo; yokuti chero munhu, chero chidhakwa, chero asingatendi anogona kuzviita. Chero mutevedzeri, chero chipfeve—chipfeve chinogona kuzviita. Kutora chirairo, nokuva nezvimiro nezvimwe zvakadaro, unokwanisa kuzviita.

280 Asi Jesu akati uku ndiko kuchava kuziviswa kwacho, “Zviratidzo izvi zvicha,” kwete *zvingango*, “zvichadaro, muzvizvarwa zvose, kune avo vanotenda! NemuZita raNgu

vachadzinga madhimoni; vachataura nedzimwe ndimi, vachataura nendimi itsva; uye vachabata nyoka; nokunwa zvinouraya, hazvivakuvadze; vachaisa mawoko pane vanorwara, vachapora.” “Podzai varwere, mutsai vakafa, dzingai madhimoni; sokuzvigamuchira kwamakaita pachena, ipawo pachena.”

²⁸¹ Ose mazano makuru aya okugadzira mari nezvimwe, uye zvakabatana muzvinhu nhasi, ndosaka vazere nokutongwa. Hongu, changamire! O, ini zvangu!

²⁸² Ngationei zvino. Hongu, changamire. Danira kutendeuka, uye nokupomera kwangu zvino.

²⁸³ Karivhari itsva iyi i—ikereke, sokudanwa kwayo, nzvimbo tsvene-tsvene, mapurupiti makuru, artari yechiKatorike, artari yeKatorike, inonzi purupiti yavo. Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, maPentekosti, nzvimbo tsvene-tsvene, ipapo ndipo paAnogamuchira kubaiwa kwaKe kwakaipisisa. Karivhari itsva! Inowanikwepi? Munzvimbo tsvene, kereke.

²⁸⁴ Ndepapi paAkarovererwa? Kubva kuvafudzi. Imi vanyengeri, munoziva zviru nani pane izvozvo! Handina kushatirwa, asi chimwe chinhu mukati mangu chiri kufashaira. Mwari vakaratidzwa zvizere pakati penyu.

²⁸⁵ Ko Akawanepi minondo yaKe, padivi raKe? Ndekupi kwaAkabairwa? PaKarivhari. Ko nhasi Anoawanirepi? Mumapurupiti. Ko akabvepi? Jerusarema. Ko anobvepi? Masangano. Vacho vaiti vanoMuda, ndivo vakazviita. Ndivo vanozviita nhasi. Karivhari yaKe yechipiri, paAnogamuchira kubaiwa kwaKe kunopesana neShoko, ndizvo zvinoMubaya. Iye Ndiyaniko? Iye iShoko. Iye iShoko. Anobaiwa zvakakurisa kubvepi? Purupiti ndiyo nzvimbo tsvene, sezvayaiva kareko.

²⁸⁶ Ndine kodzero yekupomera chizvarwa chino. Ndine kodzero yekuzviita, semushumiri weEvhangeri yaJesu Kristu, nezviratidzo zvaKe, uye nokuratidza kuti Iye ndiMwari. Ndine kodzero yokuunza kupomerwa kuchizvarwa chino. Nokuti, mavanga aKe makuru epfumo akabva pamapurupiti, apo pavakatsoropodza vakati, “Musaenda uko kunonzwa zvinhu izvo. Ndezvadhnyabhore.” Chaipo panzvimbo inofanira kunge iri kuMuda!

²⁸⁷ Uye chaizvo zviratidzo zvakanzi naJesu zvaizoitika, “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nemativi maviri; Shoko, munzveri wepfungwa, nezvido zvemoyo.” Uye Rinonzi dhnyabhore, kubvepi? Mapurupiti, nzvimbo tsvene.

²⁸⁸ O, Mwari, ko Vangatarisa sei pasi? Dzinongori—dzinongori tsitsi, ndizvo zvoga, nyasha. Hapana chimwe chatingaita kunze kwekuenda kunotongwa. Tatovepo kare. Uh-huh.

²⁸⁹ Pafungei ipapo. Kubaiwa kwaKe kwakaipisisa kunobva papurupiti. Ndipo pane Karivhari yaKe itsva. VanoMuroverera,

Shoko, papurupiti. Ndizvo chaizvo. Ko, vanozviita sei? Nezvimiro zvavo zvehuMwari. Ndizvozvo chaizvo!

²⁹⁰ Akagadzwa korona kubva muungano, nevaseki! Ane korona itsva yeminzwa, vaseki! Kubaiwa kubva papurupiti; ndokupfekedzwa korona nevaseki. Arovererwa here zvakare, patsva? Akakururwa nguwo nezvitendwa zvakagadzirwa nevanhu, vadzidzisi vesangano zvinopesana neShoko raKe. VanoRikurura nguwo, mukunyadziswa, voRipomera mhaka.

²⁹¹ Jesu akati, “VanoNdinamata pasina.” *Pasina*, “hapana chakanaka chazvinoita.” Ndiyani wavanonamata? Vanonamata Mwari mumwe chete. Vakanga vari kunamata Mwari mumwe chete pakurovererwa kwaKe kwekutanga, uye kwaive kunamata pasina. Ndicho chinhu chimwe chete nhasi. Vanovaka masangano aya pasina. Vanovaka maseminari aya pasina. Vane zvitendwa izvi pasina, vachidzidzisa sedzidziso iri mirairo yevanhu, uye vachiramba Shoko raMwari. Vane mhosva yekuroverera Muchinda weUpenyu, vachidzidzisa dzidziso dzevanhu seShoko raKe. “VanoNdinamata pasina,” kuiswa mutaro, kubaiwa, kugadzwa korona.

²⁹² Paunoona zvakadaro zvichidzika nemugwagwa, uye vamwe venyu imi madzimai mune vhudzi refu; voti, “Ndewechinyakare, handizvo?” Rangarirai, vaseki, ndiyo korona yawakapfeka. Mwari vakati ndiko kubwinya kwako; ripfeke uchidada. Hareruya! Ripfeke uchidada, sokupfeka kwaungaite korona yeminzwa uchiitira Ishe wako. Ripfeke uchidada. Usanyare. Akataura kudaro, zvisinei kuti vanaJezebheri ava vanoti kudini nhasi. Izvo vatevedzeri ava vachimira mupurupiti, varovereri vaKristu, zvisinei zvavanotaura, iwe ripfeke uchidada. Mwari vakataura kudaro. Iwe richengete.

²⁹³ Kugadzwa korona, nevaseki zvakare, minzwa. Kubaiwa kubva papurupiti, nezvitendwa.

²⁹⁴ Ane Gorogota itsva, kwavanoMuendesa: makwaya ane magemenzi, madzimai anopfeka zvikabudura, vakagerwa vhudzi, nezviso zvakapendwa, vachiimba mukwaya seNgirozi, vane zvipo. Ndiro Gorogota raKe idzva, vanogori madzimai anokumura nguwo vechimanjemanje vanochengetedzwa nemutemo, sepaSodhoma neGomora.

²⁹⁵ Unoona imbwa hadzi duku ichidzika nemugwagwa. Pane dzimwe nguva dzakatsaurwa hapana imbwa hono inomboenda kwainenge iri. Rega chimwe chinhu chiitike, zvino dzose dzinoimhanyira. Pane chinenge chaitika kwairi. Munoziva kuti sei. Regai. . .

²⁹⁶ Madzimai aya anokumurei nguwo dzawo, vofamba vachidzika nemugwagwa? Musandiudze kuti hachisi chinhu chimwe chete. Kuzvizivisa. Musawanirwe varume mhosva. Asi vanochengetedzwa nemutemo wechiSodhoma. Mutemo unofanira kunge uchiti havatenderwi kunge vari kunze ikoko.

²⁹⁷ Uye vaparadzi mupurupiti vanofanira kunge vaine mapitikoti panzvimbo yemajasi evafundisi; vamire ikoko vachizvitendera, uye vachinyara kutaura vachizvipikisa, nokuti sangano ravo rinovadzingira kunze. Munoroverera, kuu—ungano, Shoko raMwari rinoti, “Chinyangadzo kuti mudzimai apfeke hanzu yakafanana neyemurume.”

²⁹⁸ Ndi—ndinopomera chinhu ichi. Ndi—ndi—ndi—ndi—ndi—ndinochipomera mhosva yekuroverera Shoko raMwari pamberi pevanhu. Madzimai akagera vhudzi, vanopfeka zvikabudura, uye korona . . . vakamira mukwaya!

²⁹⁹ Mumwe munhu akati kwandiri, rimwe zuva, mumwe mudzimai akandibvunza, ndokuti, “Saka, ndekupi kwamunofunga kuti ungangwana?”

³⁰⁰ Ndikati, “Kana Ishe vakandikumbira kuti nditore gumi nevaviri, pasi rose, ndinga—ndingatofa nokutya.”

³⁰¹ Paya, nekunzvera kweMweya, womira ipapo uchivatarisa, womira saizvozvo uchiona zvinhu izvo pamusoro pavo; zvetsvina, zvinosemesa, vakaderera, vaputi vefodya, kunze uko vachiita saizvozvo, zvino vomira mukwaya ine magemenzi voimba vari muchinhano ichocho, voita kuti ungangwana ivaone. Vanoti, “Saka, kana achigona kuzviita, ndinogonawo neniwo.” Hupenyu hweChikristu hupenyu hwehutsvene nokuchena, husina chipomerwa!

³⁰² Ndinovapomera, nemuZita raJesu Kristu, nokuda kwehutsvina nekusviba kwavo. Vaunza Evhangeri pakunyadziswa. Uye avo vanoedza kuRibata, vanonzi “vapengereki,” vachiti, “Ndezvembiri yakare zvisina maturo.” Ndinovapomera mhosva, nemuZita raJesu Kristu.

³⁰³ Vanongori madzimai echimanjemanje anokurura hanzu mumugwagwa, vanoimba mumakwaya, vanoputa fodya, vanotaura zvinyadzi zvokusetsa vanhu, varume vatatu kana vana, zvino mushure mewechitanhatu, zvadaro voimba mukwaya nokuti vane inzwi rakanaka. Iwe nyanjere anonzwise urombo, usina chemweya, wakarambwa pane zvauri. Wakaverenga Bhaibheri rinogona kuverengwa nemunhu wese, asi wakaramba Mweya waMwari, kusvikira Bhaibheri rakati ucha “piwa mukunyengereka kukuru, kuti utende nhema ugotongwa nayo.” Unonyatsotenda kuti uri pachokwadi, uye Bhaibheri rakataura kuti uchazvitenda uye ugotongwa nenhema dzimwe chete dzauri kutenda kuti iChokwadi.

³⁰⁴ Nokudaro, ndokupomera neShoko raMwari. Uri kudzidzisa vanhu zvinhu zvakatsauka, uchireverera zvinhu zvepakutanga zvaKristu, zvehutsvene neHupenyu huri kumusoro, kuti munhu iyeye agofamba nemugwagwa agova munhu akasiyana.

³⁰⁵ Vaparidzi vakamira panhandare dzebhora, vachiputa midzanga; zvigumbuso; nezvimwe zvose zvisina maturo zvavanongosiya zvakadaro. Madzimai ari mukwaya yavo,

vachipfeka zvikabudura, vakagera vhudzi, vachizvibata zvakadarwo, zviso zvakapendwa, zvino vozvidana kuti, “Hanzvadzi, *zvakati nezvakati*,” uye Bhaibheri rinopomera zvinhu izvozvo. Ndizvo chaizvo. Vanoenda kumapati vachingoenderera, vachiramba vari nhengo yekereke; uchichengetedza chapupu chako, uye uchirarama pamadiro.

³⁰⁶ Musafunga kuti ndiri kutaura pamusoro pemaPresbyteriani. Ndiri kutaura pamusoro penyu maPentekosti. Ndizvo chaizvo. Makamboziva Chokwadi, asi makafunga kuti hamukwanise kuChitora. Makanga musingakwanise kutsigira mufundisi wenyu. Mufundisi wenyu—wenyu haaikwanisa kuva nebase guru iri rine mazana anoraudzira emadhora pasvondo, nekereke huru yakanaka yaanoparidzira, achifamba nemotokari nokuita zvole zvanaita. Kana akazvitsiura, sangano rinomukandira kunze; saka anofanira kurichengeta, anofanira kuzvita. Nokudaro, akatengesa kodzero dzake dzehudangwe, nokuda kwezvokudya zvemunyika, zvemuto waEsau. Zvino chii chaachawana nokuda kwazvo? Vari vaviri vachawira mugoronga rekutongwa, kuti vapomerwe. Ndinovapomera, sezvipfeve zveEvhangeri.

³⁰⁷ Ndakanga ndiri pane imwe kwaya, pane imwe nzvimbo ine mukurumbira, huru, nguva shoma yapfuura, imwe Pentekosti yenzvimbo yepamusoro-soro pane dziripo. Zvino zvakaitika kuti ndakanga ndakagara mukamuri yokuverengera yehama iyi apo makwaya mana kana mashanu akauya pamwe chete. Zvino ndopane imwe... mamwe emasanganano emaPenekosti akanakisisa. Zvino vakanga vasiri kuziva kuti ndakanga ndiri mukamuri yemushumiri yokuverengera, paOklahoma. Ndakanga ndigerepo, pasi, uko mushumiri uyu kwaanoverengera asati auya kupratifomu yake. Zvino pandakadarwo...

³⁰⁸ Pakanga paina vanaRiki kunze ikoko; nanaRiketa, pendi, pasina kana mumwe wavo aiva nevhudzi refu, vole vaiva nevhudzi rakagerwa, vole vakaisa pendi, vole vakapfeka magemenzi. Zvino kamwe kaRiki kaduku kakanga kakamira ipapo, kachifamba kachiita *sezvizi*, (uye mumwe murume akanga ari kutora mupiro wemishinari), aiita sokunge aive bofu aine kapu, achitenderera kwese achitaura zvakasiyanasiyana zvinohura kutorwa kwemupiro, nezvinhu zvakadarwo. Asi ndokuedzwa ndokuedza kuimba—*Mhesiya*, o, ini zvangu, uye—uye ainyatsoita basa rakanaka pazviri, asi zvakanga zvisina kurira kwacho. Kwete, zvakanga zvakafa, munoono. O, ini zvangu! Hezvoka izvo. Ndiro Gorogota raKe idzva.

³⁰⁹ Munofungei pane kamusikana kaduku, kana mumwe mudzimai muduku imomo? Handiti, dai ainge auya imomo, akapfeka zvakafanira kuti ange akapfeka, aine vhudzi refu, pendi yose yakabviswa, nezvimwe zvakadarwo, vangadai vakaita dambe naye; dai ainge akasimuka, pavainge vari kuita zvanaita ipapo, boka iroro revechidiki, vanenge makumi matatu kana

makumi mana avo. Chikamu chakasarudzwa chePentekosti, zvino vachiita zvinhu zvakadaro! Zvino mudzimai muduku uyu dai akataura chimwe chinhu pamusoro pazvo, vangadai vakamudzanga mukwaya.

³¹⁰ Regai muparidzi weEvhangeri amire mupurupiti ataure chimwe chinhu nezvazvo, vanomudziringira kunze kwesangano. Munoroverera Mwanakomana waMwari patsva, nokuMuisa pakunyadziswa kuri pachena. Evhangeri yaKe yamunoti munoparidza, munoMuroverera. Ndinopomera chizvarwa chino chinoramba Kristu, neShoko raMwari, nesimba raRo rukusimbiswa kwemazuva ano okupedzisira okuti Achiri mupenyu. Hongu. Vanopikisa Shoko raMwari rakajeka, rakasimbiswa. Masangano avo haakwanise kumisidzana naRo.

³¹¹ Makereke makuru nemasangano ndiwo Karivhari yaKe itsva. Ndinozvitaure zvakare. Aya, madzimai avo echimanjemanje anofamba asina kusimira, ndiwo makwaya avo.

³¹² Muprisita mukuru wesangano roga-roga anodanidzira semuprisita mukuru wezuva iroro, “Zvino buruka utiratidze chishamiso.” Uh-huh. Ndiko kwaive kurovererwa kwepakutangana.

³¹³ Ndizvo zvimwe chete nhasi. Ndakavanzwa vachiti, “Saka, zvino, unomutsa vakafa, unozviita here? Wadini wakwira kumusoro uko? Une mudzimai ari kumakuva. Une mwana ariko kumusoro ikoko.”

³¹⁴ Vakati kwaAri, “Takanzwa kuti Wakamutsa vakafa. Tine marinda akazara kumusoro kuno. Uya uvamutse.” O, kusaziva kunobereka kusaziva. Maona? Uh-huh.

³¹⁵ Makereke makuru, makwaya makuru, vapisita vakuru vezuva rino, “Buruka pasi, tiratidze chishamiso chisingagoni kuitwa nesangano redu.”

³¹⁶ Ndakava nemumwe murume, nguva shoma yapfuura, ane zvaakataura maererano ne...mushure menhepfenyuro duku yandakava nayo muJonesboro, Arkansas, ndichitaura pamusoro pemumwe mudzimai akapodzwa. Murume uyu aive weimwe kereke yesangano, zvino akasimuka kumashure ikoko ndokuti, “Ndinopikisa chero munhu kuti andiunzire nokundiratidza chishamiso.”

³¹⁷ Ndakaenda ndikanотора chiremba. Mumwe murume akanga apodzwa, kenza. Ndakaenda ndikanотора mumwe mudzimai akambenge ari muhwiricheya kwemakore angaita makumi maviri; akapodzwa arthritis, aimbenge airi muhwiricheya. Ndakaenda navo ikoko ndokuti, “Iye zvino ndiri kuda mari yacho, chiuru chemadhora.”

³¹⁸ Akati, “Saka, uh, uh, uh, haipo pano. Iri uko kuWaco, Texas, uko kune muzinda wedu.”

³¹⁹ Ndikati, “Zvakanaka, tinongoenda ikoko tonoitara.” Ndokuti, ndakati, “Iwe chigadzira hurongwa tozoenda mangwana.” Maona? Ndakati, “Tichatumira tsamba...” Ndikati, “Heunoi chiremba wacho kuti ataure kuti vanhu ava vaiva nekenza zvezmazvirokwazvo. Hezvinoi izvi pamutsara, x-ray. Heunoi mudzimai uyu anozivikanwa munharaunda yose kuti aigara muhwiricheya iyo kwemakore makumi maviri, uye ari kufamba iye zvino. Uye vanachiremba, akaenda kuna chiremba uyu nachiremba uyu nachiremba uyu nachiremba uyu, nezvose, zvino heunoi ari pano ari mupenyu nhasi. Zvino, wati ‘uchapa chiuru chemadhora.’ Ndiri kuda kuchiiisa muhomwe yemishinari. Ndiri kuchida.” Maona? Maona?

Iye ndokuti, “Zvakanaka, iri uko kuWaco, Texas.”

Ini ndokuti, “Tinoenda mangwana.”

³²⁰ Akati, “Mira zvishoma. Rega ndikuudze chimwe chinhu. Ndichauya nekasikana kaduku. Zvino ndichatora reza ndokacheka ruwoko rwako, zvino iwe worwupodza, pamberi pehama dzedu. Zvino vanozokupa mari yacho.”

Ndakati, “Iwe dhiyabhore!”

³²¹ “Kana Uri Mwanakomana waMwari, buruka pamuchinjikwa uyu.” “Tiudze kuti ndiyani aKurova,” aine chijira chakamoneredzwa mumusoro waKe. NdokuMurova ipapo, vachiti, “Iye zvino, kana uri muporofita, tiudze aporof- . . .” “Kana Uri Mwanakomana waMwari, buruka kubva pamuchinjikwa.”

³²² Vatungamiri mapofu vanotungamira mapofu! Vanoda kupodzwa papfungwa, munhu anoita chinhu chakadaro, kana kutaura zvakadaro. Chokwadi.

³²³ Kutaura kuya kwakare kunozivikanwa, ndizvo, “Rega tiKuone uchiita chishamiso. Tenzi, tinoda chishamiso chinobva kwaMuri.” Apo, mazuva ose, awa yose, zvakanga zviri kuitika zvichienda zvakadaro, sokungotungamira kwaiita Mwari kuti zviitike. Asi vakanga vasipo. Dai vainge varipo, vaizviti “Bheerzebhuri, dhiyabhore.” Maona? “Tenzi, tinoda kuti Muzviite nenzira yatinoda kuti Muzviite nayo.” Ndizvozvo. “Endai kwatinoda kuti Muende, itai zvatinoda.” O, hongu. Uh-huh. Vakanga vasina chavakaMusunga nacho. Kwete, changamire. Ndicho chikonzero chavakaMubvisira pakati pavo. Hongu, changamire. Vari kuedza kuita chinhu chimwe chete nhasi. Uye kubudikidza nemubatanidzwa nemakereke, vachatopedzisira vabudirira kuzviita, munoona, vose vachienda pamwe chete. Kutaura kuya kwakare kunozivikanwa.

³²⁴ Pano tinoona, zvakare, nzvimbo hurusa yezvekunamata, yakanakisisa, vadzidzi vebhaibheri vakangwara, vari kudana zvakare, uye vachiMupikisa, vachidana. Ivo vadzidzi vebhaibheri vanodarika vose, vanofanira kunge vachiziva zvakasiyana; makereke epamusoro-soro, vadzidzi vebhaibheri

vakadzidziswa zvinodarika vose, vakaMudzanga kubva pakati pavo. HavaUde.

Unoti, “Hazvina kunaka, Hama Branham.”

³²⁵ Saka wakanga usiri pano kuona *Mazera Ekereke*, kana kuanzwa achiparidzwa. Wakanga usipo pano, apo, Zera rino reKereke yeRaodhikia ndiro roga rakaMudzanga kunze kwekereke. Zvino Akanga ari kunze, panze, achigogodza, achiedza kudzokera mukati. VakaMudzanga panze nokuti havana basa rokuita naYe. VanoMuroverera patsva. Ameni! Ko tingasvika kupi?

³²⁶ Rangarirai, muporofita weShoko raMwari akafanotiudza, munaTimotio weChipiri 3, kana muri kuinzira pasi. Hatina nguva yokuiverenga. Asi akataura, kuti, “Mumazuva okupedzisira, vaseki vachauya. Vachange vakasindimara, vanokarira zvepamusoro, vanoda mufaro wenyika kudarika kuda kwavanoita Mwari; vapomeri venhema, vasingazvibate, vanotyisa, vashori veavo vakanaka, vacheri, vakasindimara, vanokarira zviru pamusoro, vakadzidza; vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho: ibvai kune vakadaro! Nokuti ava ndivo vava vanatora madzimai akapata, ane vhudzi rakagerwa,” vanopfeka zvikabudura, zviso zvakapendwa, “kunuzvimbo dzakasiyana-siyana, vachivaita nhapwa.” Ndizvozvo chaizvo.

³²⁷ Akati, “Ibvai kwazviri, mumazuva okupedzisira.” Ngatiteererei muporofita. Ibvai kuzvinhu zvakadaro mumazuva okupedzisira. Zvave pano. Ndiri kudana kuKereke zvino. Hongu, changamire. Ibvai pazviri!

³²⁸ Vane, ivo, va—vashumiri vezuva ranhasi, vanofanira kuziva zvinhu izvi. Vaifanira kunge vakaziva Jesu mumazuva aKe. Vaifanira kunge vakaziva. Uye iye zvino vanofanira kuzviziva, asi havazvize. Sezvaingove vadzidzisi vemaJudha vemuzuva raKe vaifanira kunge vakaMuziva nezuva raKe, ndizvo zvazviriwo nhasi, kuShoko raMwari rakasimbiswa zviru pachena zvino. Aiva Shoko, uye Akaratidza kuti Aive Shoko. Akaratidza kuti Aiva Shoko rezuva iroro. Uye Mwari varatidza nhasi kuti Ndiye Shoko reZuva rino, Chiedza chenguva. Vaifanira kunge vakazviziva ipapo, uye vanofanira kuzviziva iye zvino.

³²⁹ VakaMuroverera kareko, uye vari kuMuroverera iye zvino. Ndinovapomera nokuda kwazvo! Ndizvozvo. Zviru kungoramba zvichipenya nemandiri, “Vapomere, nokuti Mwari vachavaita kuti vazvibhadharire!”

³³⁰ MaJudha ezuva ravo. Mwari zvakare, pamazuva epanyika, Jesu akati, “Jerusarema, Jerusarema, kangani kaNdingadai ndakakuunganidzai muboka guru rimwe, asi iwe wakaramba.”

³³¹ Mwari vakaedza zvakadini, mumazuva ano okupedzisira, kubatanidza vanhu vaVo pamwe chete, asi makaramba. Makada zvitendwa zvenyu, nokudaro zvino muri kuzoparadzwa. Ndizvo

zvagakamuchirwa neJerusarema; yakakoromorerwa pasi, ndokupiswa, haichisipo. Ndizvo chaizvo zvazvichave, nemamwe emazuva, kuzvinhu zvose zvikuru zviru pano. Zvitendwa zvenyu zvikuru nemasangano zvichafa pamwe nokuparara, asi Shoko raMwari richagara munaZiendanakuenda nokurarama nokusingaperi. Maona?

³³² Maronda aKe akadzikisisa akabva kuimba yevainzi shamwari. Fungai, zvifungei. Zvifungei! Mirai! Ndiri kumbomira zvisoma. Vashumiri, zvifungei! Maronda aKe akabvepi? Muimba yevainzi shamwari dzaKe. Sezvazvakambova, ndizvo zvazviri. Zvifungei! PaKarivhari akanga asina kukombwa ne—nemabhinya, mhondi, asi vashumiri vaitaura kuti vanoMuda. Uye nhasi, apo Evhangeri iri kuratidzwa zvizere, apo zviratidzo zvikuru zvekumuka kwaKe zviru kuratidzwa pakati pedu, havasi vemunzira vanokusvetukira, ndeavo vanonzi vashumiri.

³³³ Vacho vanofanira kunge vachiMuda, ndivo vakaMukomberedza nhasi. “Hatisi kuzova neChinhu icho pakati pedu. Hatisi kuzova neMunhu uyu kuti atitonge. Hatisi kuzotsigira. Hatisi kuzoshandira pamwe naZvo, muguta rino, kana Chinhu ichocho chikauya nekuno. Hapana zvachiri ndezvemweya yakaipa. Ndidhiyabhore.” Vasiri kuziva Shoko raMwari, bofu richitungamira rimwe bofu. Sezvazvaiva kare, fungai, ndizvo zvazviri iye zvino. Sezvazvaingove kare, ndizvo zvazviri iye zvino. Fungai!

³³⁴ Simba raKe rekupodza nokusunungura varume nemadzimai kubva parudo rwenyika iripo zvino, kubva pana vanaJezebheri vakagera vhudzi, vakapenda zviso vanozvidana kuti Makristu; uye vachiita upenyu hwakadaro, vachiputa fodya, nokutaura zvinyadzi zvokusetsa vanhu. Vogara pasi vova nesosaiti yemishinari, nekusona-sona, nokutaura, nemakuhwa, no—nokuenda mumugwagwa vopfeka zvikabudura, nezvimwe zvose zvakadaro; uye vozvidana kuti Makristu, pamberi pemamwe madzimai. Munorangarira nyaya yangu yenhapwa yaiziva kuti yakanga iri mwanakomana wamambo, hunhu hwake. Tinofanira kunge takadini? Varume nemadzimai, uye vanoramba . . .

³³⁵ Vashumiri ava, mapurupiti aya paAnowana kubaiwa kwaKe, vakaregerera nokutendera mararamiro akadaro aya pakati pevanhu, pavanoMubaya. Vanoramba Simba re—rekuvasunungura kubva pazviri, zvino vanozvibvumira kuti zvive saizvozvo. Apo, zvichipesana neShoko raMwari, kuti mudzimai agere vhudzi rake, kana kupenda kumeso kwake, kana kupfeka zvikabudura. Zvinopesana neShoko raMwari, asi vanozvitendera, vachigadzira imwe Karivhari (kubvepi? kubva mumugwagwa? kubva mubhawa?) kubva papurupiti, kubva papurupiti.

³³⁶ Uye, zvakare, kudanidzira kwaiva kwei? “Anozviita Mwari pachaKe.” Vanoramba huMwari hwaKe. Vanoedza kuMutsemura vogadzira vanaMwari vatatu kana vana kubva paAri. Apo, Ari Mwari; Aiva Mwari; Achagara ari Mwari, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Kana ukataura nezvaMwari mumwe chete, kwavari, vanokuseka. “Tinotenda muhutatu humwe hutsvene.”

³³⁷ Ndinotenda munaMwari mumwe chete mutsvene, hongu, changamire, simba raVo rokupodza, rekusunungura, uye nokutora vanhu ava kubva parudo rwenyika, kuvasunungura sezvaVakaita Maria Magdarene. Rangarirai, akanga ari kaJezebheri kaduku kakapendwa, zvakare. Akanga aine madhimoni manomwe maari. Aive mudzimai aiita basa rokukumura hanzu.

³³⁸ Sezvakangoita mudzimai wechimanjemanje ari mumugwagwa nhasi; enda chero kwaunoda ugoona. Kana musingazvitendi kuti vanhu vanogwadama pazvimupunzo zvmadzimai akashama, tarira mumugwagwa nhasi. Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichavewo. Tarira kunze, kana usingazvitendi, ingoenda kwese-kwese. Zarura bepa, zarura magazini, tarira chikwangwani chokushambadzira, unowanei? Rangarirai zvarakataura, “Apo vanakomana vaMwari vakaona kuti vanasikana vevanhu vaive vakarurama pachiso, vakazvitorera vakadzi.” Tarirai panyaya inonyadzisa yekuEngland, tarirai panyaya inonyadzisa yekuno, tarirai pachinhu chose, chave imba yehupfeve.

³³⁹ Sei zvakadaro? Sei Russia yakava yechicommunisti? Nokuda kwekunyadzisira nehutsvina, uye nokushaiwa simba kwekereke yeKatorike. Ndicho chikonzero chaicho sei nyika ino yatora, chicommunism nemubatanidzwa wemakereke, uye zvichizvibanidza nekereke yeKatorike. Apo, communism nechikatorike zvichabatana pamwe chete, munoziva, uye pano vari kuzviita. Sei? Nokuti vakaramba Evhangeri inovapatsanura nokuvaita vanhu vakasiyana!...?...Ndicho chaicho chikonzero.

³⁴⁰ Vashumiri mupurupiti vachingosiya zvakadaro, kuitira kuchengetedza basa, kuitira chimiro pavanhu chechimwe chitendwa, voti, “Ndiri we*Kwakati nekwakati*,” vachitsivanisa Simba raMwari nedzidzo; kuvasunungura kubva pamujawe wemapenzi, saMaria Magdarene.

³⁴¹ Iro Simba chairo rinogona kutora mudzimai muduku anokurura hanzu ari mumugwagwa, zvino rigomuita kuti apfeke nguwo dzake nokuzvibata semudzimai kwaye, nokumuita kuti ave Mukristu, vakapomera Simba iri, ndokuroverera Munhu akanga ainaRo, paKarivhari.

³⁴² Uye nhasi, Evhangeri chaiyo neMweya Mutsvene unotora kamukururi kehanzu kaduku zvomuita kuti apfeke semudzimai

kwaye ozvibata seMukristu, vanoIti “kupengereka.” Havadi kuti Isangane pakati peungano yavo, kuti Ibate pakati pavo, nokukonzera kuti mamwe madzimai agozviita. Chii chavanoita? VanoIdzingira kunze, sezvavakaita kareko. Uye zvino vanoroverera iro Shoko racho vachiti Ndere rimwe zera. Ndinovapomera zvakare, hongu, changamire, zvimwe chete sokupomerwa kwavakamboitwa kareko.

³⁴³ Chiratidzo chakaita kuti Regioni wakare apfeke hanzu. Rangarirai, munhu anokumura hanzu dzake anopenga. Maona? Ko mumwe mudzimai? Regioni aipenga; akakumura hanzu dzake kubva paari. Mwari vakatora Simba raVo ndokumuita kuti apfeke hanzu dzake. Aive akapfeka hanzu, aine pfungwa dzakakwana, ari patsoka dzaJesu.

³⁴⁴ Tarirai Simba rakaita kuti Bhartimeo bofu aone, ipo pakati pezvitendwa zvavo. Aive panyika pakwaingova nokusatenda kwakawanda sezvazviri nhasi, asi hazvina kumboMumisa. Akaenderera mberi. Haana kumboita zvokuzengurira. Akavaudza, “Muri vababa venyu, dhiyabhore.” Akapomera mhosva chinhu chose.

³⁴⁵ Simba raigona kumutsa Razaro kubva muguva, ndokudzoserazve mudzimai weNaini mwanakomana wake! O Mwari! Simba raikwanisa kuita zvinhu izvi, raigona kufanotaura zvinhu zvaitika. “Pane maviri... Mbongoro, pane mbongoro yakasungirirwa pamharadzano,” nezvimwe zvinhu zvose izvo zvaAkafanotaura. Iye Munhu wacho chaiye aive neSimba, “Pasi naYe. HatiMude pakati pevanhu vedu. Anosvibisa dzidziso dzedu,” zvino ndokuMuroverera.

³⁴⁶ Chinhu chimwe chetecho nhasi, “Pasi neMweya Mutsvene,” havadi kuwana chavanoita naWo. “Unotsiura nokuita zvinhu izvi, uye nokutaurira vanhu vedu zvinhu izvo zvatisingadi kuti zvisangane pakati pemasangano edu. Zvinopesana nezvitendwa zvedu.” VanoMuroverera zvakare. O, ini zvangu!

Cherechedzai zvino patave kuvhara. Tinofanira kuvhara.

Uye, zvakare, vanoUti “kupengereka.”

³⁴⁷ Uye vakaMudana kuti “mupengo.” Vakati, “Aipenga.” Chero munhu anoziva kuti Bhaibheri rakadaro, “Jesu akanga,” ivo vaFarise vakati, “Murume uyu muSamaria, uye anopenga.” Zvino shoko rokuti *kupenga* rinorevei? “Kupenga.” “Munhu uyu anopenga. Iboka revanhu vanopenga vanoMutevera. NdiBherizebhabhu.”

³⁴⁸ Uye, zvakare, vanotaura zvimwe chetezvo, “Imwe mhando yehuroi. Kuvuka,” vachiMuisa zvakare pamuchinjikwa wekunyadziswa. Muchinjikwa upi? Kunyadziswa kupi? Shoko raKe rakasimbiswa; vachiita dambe naRo, vachiudza vanhu kuti Ndidhiyabhore. Vachiita chimwe chinhu, nokudana . . .

349 Akati, “Vanodana mabasa matsvene aMwari ‘mweya wetsvina uri kuzviita,’ hapana kuregererwa nokuda kwazvo.”

350 Kuita chinyadziso Shoko raKe, vachiedza kuRifumura vachiti ndeRenhema kana kuti kupengereka, “Musaenda kwariri. Musaenda kumisangano yacho.” Uh-huh.

351 Chii chavanoita nokuita zvakadaro? Vanotora zvipikiri zvavo zvedzidziso yesangano. Ndizvo chaizvo. Ava vadzidzisi vanovhima mufaro wenyika, vemunyika, vasina humwari, vanopenga nesangano, vanotora zvipikiri zvesangano voroverera Mwanakomana waMwari nazvo, patsva, kubva pamapurupiti avo.

352 Ko vanozviitirei? “Vanoda kurumbidzwa nevanhu,” madhigirii avanogona kupiwa nekereke, “kudarika kuda kwavanoita Shoko raMwari.” Ndinovapomera mhosva. Havakwanise kufanana nenyika, nokuti vaka... Havakwanise kufanana neShoko, nokuti vakatofanana nenyika nechekare. Vakatozviita kare. Zuva rehunyengeri ratigere mariri! Handizvo here izvi... .

353 Ko Karivhari imwe haina kukwanira here Ishe wangu? Sei muchiita zvakadai? Imi munofanirwa kunge muchiMuda, imi munoziva kuti iRi iShoko raKe, imi munogona kuverenga Zvakazarurwa chitsauko 22, inoti, “Ani naani anobvisa inzwi rimwe chete kana kuwedzera inzwi rimwe chete,” ko munozviitireiko? Karivhari imwe chete haina here kuMukwanira?

354 Ndiri kuMumiririra. Ndiri gweta raKe, uye ndinokupomerai neShoko raMwari. Shandurai nzira dzenyu kana kuti munoenda kugehena. Masangano enyu achaputsika. Ndinokupomerai pamberi peMutongi, ndizvozvo, imi, nezvimiro zvenyu zvehumwari, nehunyengeri. Zvino sei muchiUti... . Ko Karivhari imwe chete haina kukwana here?

355 Sokutaura kwakaita Petro, “Madzibaba enyu emasangano,” Petro akakupomerai ne... Akati, “Ndeupi wemadzibaba enyu asina kuita izvi?” Stefani akaita chinhu chimwe chete: “Nemawoko ane utsinye makaroverera Muchinda weUpenyu.” Ko Jesu haana kutaura here, pachaKe, “Ndeupi wemadzibaba enyu asina kuisa vaporofita mumabwiwo? Zvino imi mozoanatsiridza mushure mezvo?” Ndizvo chaizvo zvakaitwa munhu akarurama zvichidzika mumazera ose!

356 Saka ndinopomera vanhu vakakwenenzverwa, boka rinoenda kukereke rinoramba Kristu rezuva rino. Imi, nezvimiro zvenyu zvehumwari, munoroverera Kristu wangu kechipiri, muchiudza vanhu, kuti, “MaShoko aya ndeerimwe zuva, uye haAsi ezuva rino.” Ndinokupomerai. Mune mhosva yekupara mhosva imwe chete yavaiva nayo, pazuva rekurovererwa. Tendeukai mudzokere kunaMwari, kana kuti moparara.

³⁵⁷ Uye zvakare ndinoti, “Pano,” makereke, “ivo,” vadzidzisi, “vanoroverera,” nekumhura, “Iye,” Shoko. Mwari ave netsitsi! Regai ndizvitaure zvakare. Zvinogona kunge zvavhenganiswa patepi. “Pano,” makereke, “ivo,” vafundisi, “vanoroverera,” nokumhura, “Iye,” Shoko. Ndokusaka zvadzokorora:

Pakati pematombo aipamuka nematenga
matema
Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe
akafa,
Asi chidzitiro chokuzarura chakazarura nzira
Yekumifaro yeDenga nezuva risingagumi.

³⁵⁸ Ndinozvitaure patepi ino, nekuungano iyi. Ndinozvitaure ndiri pasi pekufemera kweMweya Mutsvene. Ndiyani ari kudivi raShe, ngaauye pasi peShoko iri! Mwari zvirokwarzvo vachaunza chizvarwa chino chakaipa, chisingadi Kristu, chinoramba Kristu mukutongwa, nokuda kwekumhura, kurovererwa kweShoko Rake rakaratidzwa. Vari kuuya paKutongwa. Ndinochipomera! “Ndiyani ari kudivi raShe,” Mosesi akadaro, “regai auye kwandiri,” apo Shongwe yeMoto yainge yakaremba ipapo seumbowo. Ndiyani ari kudivi raShe, ngaatore Shoko, oramba chitendwa chake, zvino ogotevera Jesu Kristu mazuva ose. Zvino ndichasangana newe mangwanani.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino tinamate.

³⁵⁹ O Ishe Mwari, Mupi weUpenyu Husingaperi neMunyori weShoko iri, Uyo akamutsa zvakare Ishe Jesu kuvafi, Uyo akanyatsozviritidza pamberi pechi—chizvarwa chevanhu vasingatendi. Zvanga zvakareba, mangwanani ano. Vazhinji vagara muno. Kereke yakazara. Vanhu vakamira munzvimbo dzakapoteredza. Uye matepi ari kugadzirwa, kuti aende pasi rose, munzvimbo dzakasiyana-siyana. Vashumiri vachazvinzwa mukamuri yavo yokuverengera. Ndinovanamatira, Ishe. Itai kuti maShoko aya awire pakadzika mumoyo, acheke zvakadzika, acheke achibvisa nyika yose. Kuitira kuti vagotaura sa . . .

³⁶⁰ Mushumiri muduku uyu zasi muKentucky, akauya kwandiri nerimwe zuva, ndokuti, “Pandakanga ndiri kunzwa aye *Mazera Manomwe eKereke*, ndakanzwa achidanidzira kuti, ‘Ibvai pamidhuri yeBhabhironi,’” ndokuti, “ndakazvisiya ndokubuda ndichienda. Handizivi kuti ndoendepi kana kuti ndoitei, asi ndakasiya ndikaenda.” Ngahuropafadzwe hushingi hwemurume uyu wechidiki, nemudzimai, nevana vaviri kana vatatu.

³⁶¹ Mwari, dai vakawanda vawana nzira yavo kuShoko raMwari, nzira yoga yeHupenyu, nokuti Iye iShoko. Ndinonamatira mumwe nomumwe, Baba. Dzimwe nguva mukutaura zvinhu izvi, hazvisi muhutsinye; zviri murudo, nokuti rudo rwunogadzirisa. Uye ndinonamata, Mwari, kuti vanhu vachanzwisisa kuti ndizvo zvazviri, kuti zviri kuitirwa kuti zvigadzirise. Imi Maifanira kugadzirisa,

ndokuvanamatira pamuchinjikwa, muchiti, “Baba, varegererei. Ivo, vakapofomara, ha—havasi kungoziva zvavari kuita.”

³⁶² Ndinonamatira vashumiri ava vari kuroverera Shoko zvakare, kubudikidza nokutora zvitendwa zvavo nemasangano nedzidziso, vachizvitora panzvimbo yeShoko reHupenyu. Uyezve, pamberi pevanhu, va—vanotsoropodza Chokwadi chemazvirokwazvo icho chiri kusimbiswa naMwari kuti iChokwadi chaKe. Tinovanamatira, Baba, kuti Muchavadana paSvusvuro yeMuchato zvakare. Uye dai vakauya panguva ino, uye vakasawana zvikonzero, nokuti ndinocherechedza kuti kudana kwekupedzisira kunogona kunge kwakatoitika kare. Nguva inogona kunge yakatopera zvino. Ndinovimba kuti haisati.

³⁶³ Ropafadzai ungoro duku iyi iri pano, mazana mashoma evanhu vakaungana pano mangwanani ano, zuva rino riri kupisa, vagara muno kwenguva yakareba, mushumiro, kuda yemaawa maviri kana kudarika, uye vachiteerera. Havana kumboenda. Varamba vakagara vachiteerera. Vakawanda vavo vanga vakamirira kudya kwavo, uye madzimai vakamira nevana vavo, uye vakamirira. Vari kubatirira kuShoko rose.

³⁶⁴ Ishe, ndinoziva zvichaitika kwandiri neZuva reKutongwa kana ndikatsautsa vanhu ava. Ndiri kunyatsoziva, Ishe, kunyatsoziva zvandiri kunzwa. Kutu, ndiri kuedza kuenda navo kuShoko, uye nokuvaita kuti vararame neShoko, nokuvaudza kuti Muri “mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi,” kuti Mweya Mutsvene mukuru ndiJesu Kristu, angori muchimiro cheMweya Mutsvene, Munhu mumwe chete. Makataura kudaro. “Kwechinguvana nyika haizoNdionizve; asi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri.” Uye ndinoziva kuti uyu ndiMi, Ishe. Uye tinoKutendai, nokuti tinoKuonai muchiita chinhu chimwe chete pakati pedu.

³⁶⁵ Tinozvipira nhasi, takabengenuka, tinozviita muungano ino nemumatepi. Ishe, panguva iyo ino, dai murume nemudzimai wese, mukomana nemusikana, uyo ari—uyo ari pano, kana akamira kunze, kana achanzwa patepi, dai isu panguva ino tazvichenesa zvizere nokuzvipira zvizere pakushumira Mwari.

³⁶⁶ Fambai pamusoro peungano, Ishe, muSimba, mugopodza varwere. Vati vanga vaine mukomana muduku akaremara agere nechekuno uku. Itai kuti Mweya Mutsvene mukuru uya... Tinoziva, kungogara muHupo hwaKe sezvazviri izvi, Unozviita. Kana Mukangogona kupfuura nemuredhiyo neterevhizheni, kunze nemunyika, muchipodza varwere, “Makatuma Shoko reNyu Rikavapodza,” Munogona kuita chinhu chimwe chete pane ino nguva. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugopodza munhu wese ari kurwara, chirema chose, wese ari kutambudzwa, pano nevachanzwa maShoko aya. Mwari, zviitei. Ndiri kuvanamatira.

³⁶⁷ Ne—nerudo rwaKristu mumoyo mangu pamwe nokunzwira vane zvishuwo, ndinovaunza, Ishe, kwaMuri, paartari yechipiriso, apo mutumbi une Ropa weGwayana urere seyananiso yezvivi zvedu nezvirwere, urere ipapo. Ndinokumbirisa tsitsi kuvanhu. Ndinoda kumira sezvakaita Mosesi, ndiri pamukaha kwavari, Ishe, ndoti, “Mwari, ivai netsitsi kwavari, kwavari, kwechinguvanazve, uye mugovapa mumwe mukana.” Musa—musazviita iye zvino, Ishe. Regai—regai Evhangeri ipfuurire mberi zvishoma.

³⁶⁸ Va—vapomerwa, Ishe. Ndinonamata kuti tsitsi nenyasha dzenyu huru dzicha—dzichatambanukira kumunhu wekupedzisira uyo ane zita rake riri muBhuku. Uye ndinoziva kuti dzichazviita. Hazvina kuoma kunamata zvinopesana neShoko renyu reHumwari, kana kupesana—kana kupesana ne. . . neShoko reHumwari, ndizvo zvandiri kureva, Ishe; Shoko rakavimbiswa, Shoko rakasimbiswa, Shoko rakatemera vanhu ava kumashure uko nyika isati yavambwa. Hazvina—hazvina kuoma ku—kunamata kuti Mugoponsesa avo vane mazita ari muBhuku, nokuti ndinoziva kuti Muchazviita. Jesu akataura kudaro, “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya.” Uye hakuna munhu anokwanisa kuuya kunze kwekunge akapiwa.

³⁶⁹ Iye zvino ndinonamata, Mwari, kwese kunowira maShoko aya, kwese patepi nevari pano, kuti Mweya Mutsvene ugodana munhu wose akatemerwa iye zvino, kubva kumavambo enyika apo mazita avo akaiswa muBhuku reGwayana reHupenyu. Dai vakanzwa Inzwi raMwari richitaura nhasi, muInzwi duku, rakanyarara, duku zasi mumoyo wavo, richiti, “*Iyi* ndiyo Nzira, famba maIri.” Zviitei, Baba. Ndazvikumbira nemuZita raJesu.

³⁷⁰ Uye pari zvino takakotamisa misoro yedu muno muungano. Kana uchitenda kuti ichi iChokwadi, uye iwe—iwe. . . ndaisa, ndaisa ruwoko rwangu pamahengechepfu akaradzikwa pano, pamwe namapasuru evanorwara nevanotambudzwa. Ndiri kuda kukubvunzai mubvunzo, mukuperera zvino.

³⁷¹ Handiuye zasi kuno kuzongonzwikwa. Nda—nda—ndaneta. Ndarukutika. Handichisiri muduku sezvandaimbova, uye ndi—uye ndinoziva kuti mazuva edu ave mashoma. Uye ndinoziva kuti ndinofanira kuisa chinhu chiduku chose chandingagona, kuHumambo hwaMwari. Ndinofanira kuparidza nguva dzose pandinowana mukana. Ndinofanira kudaro, ndinofanira kuenda zvisinei kuti ndinonzwa kudaro here kana kuti kwete.

³⁷² Ndinouya pano nokuda kwekuti ndi—ndinonzwa kuzviita. Ndi—ndinoda kuzviita. Ndinokudai. Uye handitaure zvinhu zvakakwasharara uye zvakaoma, kuti—kuti. . . nokuda kwekuti ndinoda. Pane—pane chiri kupfakanyika mukati mangu. Chinhu ichochi chakasimbiswa ndicho chinhu chinondimanikidza kuita zvinhu izvi. Ndinozvitaura nemutsa, nerudo. Handirevi kunge ndichitsiura madzimai edu nevarume vedu. Handirevi

kuita zvakadaro, hama, hanzvadzi. Ndinongorevera kukuunzai panzvimbo ya—yakapinza, uko kwamunogona kuona kugadzirisa uye neshamhu yaShe, kuti munofanira kupinda mukati zvino. Usasiya zvakadaro; unogona kuzimirira nguva yakarebesa.

³⁷³ Zvino imi munoda kuuya kudivi raShe, nokuzvipira kuzere mumoyo menyu, muhupo muungano zvino, kana munyika kuchange kuine matepi; ungaro here, misoro yenyu yakakotamiswa... Usasimudza mawoko ako kana usiri kurevesa. Iye zvino kana uri kunyatsorevesa, uchida kuuya kunaShe, nehupenyu hwakacheneswa, haungasimudza ruwoko rwako here iye zvino. Iwe, Ishe vakuropafadze. Uri kuzvichenesa patsva kuna Kristu, kuedza kutakura kushorwa. Unoti, “Ndinoda nhasi kutakura kushorwa.”

³⁷⁴ Ndine mawoko angu maviri mudengawo, zvakare. Ini, ndinoda kutora kushorwa kwaJesu Kristu pandiri. Nomufaro ndinotakura munembo wekuti “muumburuki mutsvene,” chero chaungada kuzvidana. Ndinochipfeka ndichidada, nokuti kuitira Ishe. Ndinoupfeka ndichidada.

³⁷⁵ Hamungadiwo here mose kuita zvimwe chete? Simudzai mawoko enyu, muchiti, “Nenyasha dzaMwari, ndi—ndi—ndinoda... ndiri...” Vadzidzi vakadzoka, vakafunga kuti kwaiva kuremekedzwa kukuru kutakura kushorwa kweZita raKe. Kana kuti, unoda kutakura kushorwa kwemumwe mutambi wekuHollywood, kanawo mumwe wepaterevhizheni, kana imwe nhengo yekereke, kanawo zvimwe? Kana kuti, unoda here kushorwa kweShoko raJesu Kristu? “Ndipei kushorwa kweShoko, Ishe. Ndinoziva kuti Akatakura kushorwa kweShoko raMwari. Regai ndikutakurewo, zvakare, Ishe.”

Uye muchinjikwa uyu wakayereswa
ndichautakura
Kusvikira rufu rwandisunungura,
Zvino ndoenda kumusha, kunopfeka korona.

³⁷⁶ Pachave nekorona yedu rimwe ramazuva. Iri kugadzirwa iye zvino. Kana upenyu huno hwepanyika hwapera, zvino tinozoziva kuti zvichange zvanaka.

³⁷⁷ Iye zvino hapana nzvimbo yekuunza vanhu vakapoteredza artari. Rega chigaro chako, ipapo pauri, ive artari. “Vose vakatenda...” Patiri kunamata.

³⁷⁸ Baba voKudenga, zvaratidzika kwandiri sokunge potse ruwoko rwe rwemuduku nemukuru, rwanga rwakasimuka, muungano ino. Uye ndinonamata kuti, nguva dzose apo tepi icharidzwa, kuti vanhu vachaisa mawoko avo mudenga, zvino vopfugama mukamuri; baba naamai voenda vonobatana mawoko mumwe nomumwe, voti, “Mudiwa, tanga tiri nhengo dzekereke kwenguva yakareba zvakakwana. Ngatiuyei kunaKristu.” Zviitei, Ishe.

379 Ropafadzai vanhu ava vari pano. Ndinonamata kuti Muvape, Ishe, hupenyu hwakayereswa. Vazhinji vavo, Ishe, vanhu vakanaka. Ava—ava vanhu veNyu; havasati vangoziva Chokwadi bedzi. Uye ndinonamata kuti Mugovararidza Chokwadi cheNyu, Ishe. “Shoko reNyu iChokwadi.”

380 Sezvamakataura munaJohane, ndinofunga zvimwe kuda chitsauko 17, Makati, “Vachenesi, Baba, kubudikidza neChokwadi. Shoko reNyu iChokwadi.”

381 Uye Iro zvakare, Shoko reNyu, richingori Chokwadi. Ragara nguva dzose riri Chokwadi, nokuti NdiMwari. Uye ndinonamata, Mwari, kuti mugovachenesa kubudikidza neChokwadi. Zvichireva kuti, kuchenesa, kucheneswa kubva kuzvitendwa zvose nemasangano. Vachenesi kubva kuzvinhu zvose zvenyika, kuhupenyu hwakacheneswa hweShoko. Zviitei, Ishe. Vave veNyu zvino. Makavimbisa kuzviita. Zvino semuranda weNyu, ndinoisa munamato ndichivamiririra. NemuZita raJesu Kristu.

382 Iye zvino takakotamisa misoro yedu, ngatiimbei chimbo ichi tichienderera mberi nokunamata.

Jesu akabhadhara zvose,
Zvose kwaAri . . . (Zvifungei izvozvo!)
Chivi . . .

383 Nezuro ndakanga ndiri pane imwe nzvi—nzvimbo, zvino mumwe murume akanga ari kundiyera kuitira sutu iyo imwe hama muno mukereke yakanga yanditengera. Akati, “Sutu yenyu yanga ichiratidzika sokunge inopisa, zvino ndakutengerai inotonhorera.”

384 Zvino ndakaenda kuti inochekwa, zino iye ndokuti, “Ko, bendekete rako rekurudyi rakadembera pasi. Unofanira kunge wakambotakura mutoro wairema mumwe musi.”

385 Zvino ndakafunga, “Hongu, mutoro wechivi. Asi Jesu akabhadhara zvose.” Teererai patiri kuchiimba.

Jesu akabhadhara . . . zvose,
Zvino zvose, hupenyu hwangu hwose, kwaAri
ndi . . .

Chii chakanga chaitwa nechivi?

Chivi chakanga chasiya dzvanga dzvuku,
Akachishamba chikachena semazya echando.

386 Mwari, ivaiwo netsitsi kwatiri. Senguva ino yakadzama yekufunga, regai Shoko risinine zvakadzika, Ishe, kumoyo. Regai vanhu, kunyange vanonoka kusvusvuro yavo . . . Asi, Ishe, Izvi zvinodarika zvokudya. Uhu Hupenyu. “Shoko raNgu ndicho chokudya,” Makadaro. Uye ndicho icho mweya yedu ine nzara iri kudya pachiri.

³⁸⁷ Iye zvino titorei, Ishe, tiumbei. Ishe, nditorei pamwe chete navo. Ndinoda kuenda navo. Ndave kuenda kuKarivhari zvino, Ishe, nokutenda. Ndave kuenda neungano ino. Iye zvino chingondiumbai zvakare, Ishe. Ndakakanganisa. Nguva dzakawanda dzandaka . . .

³⁸⁸ Pano nguva shoma yapfuura ndakanga ndave kuda kurega zvokuparidza. Vanhu vakanga vasisanditeereri. Vaingoramba vachiita chinhu chimwe chete, zvino ini—ini ndokuwodzwa moyo. Ndakazvichepesa. O Mwari! Misi yeSvondo mishoma yakapfuura, paya paMakandipa chiratidzo chiya kunze uko, kwete. . . uye mukuverenga Bhaibheri, zvino ndokuona Makaudza Mosesi, sezvakanga zvakangoita chiroti chiya, kuti paiva negomowo, zvakare, uye raizova chiratidzo kwaari. Uye zvararo kumagumo chaiko kwazvo, kuziva kuti nda—ndakanga ndasiya vanhu vanorwara vakawanda; shumiro isingori bedzi muchiporofita, asi mukudzidzisa Shoko, ne—nekunamatira vanorwara. Makaita kuti murume afe ndokudonha ipo pano chaipo pasi, zvino ndokumudzosa kuupenyu, kusimbisa kuti chaive chokwadi. Munogara nguva dzose Muchisimbisa Shoko reNyu.

³⁸⁹ Iye zvino, Ishe, Risimbisei iye zvino pandiri pamberi peChigaro cheNyu choushe. Torai mumwe nomumwe wevanhu ava, Ishe, buditsai nyika kubva matiri. Nditorei, Ishe, apo tiri muHupo hweNyu. Chingotorai nyika, svinai moyo yedu, Mwari, iye zvino. Bvisai nyika nehany'n'a yenyika kure nesu. Itai kuti tive Makristu akacheneswa, O Mwari, tive nerudo nemutsa nokutapira, tichibereka muchero weMweya. Hamungazviiti here, Ishe? Tiri pamberi peChigaro cheNyu choushe. Chivi chakasiya dzvanga dzvuku panesu tose, asi Ropa reNyu rinokwanisa kuchibvisa, Ishe, nokuchiita kuti chichene semazaya echando. Zviitei, apo patiri kumirira paMuri. Titorei; tiri veNyu; chenesai hupenyu hwedu kwaMuri. NemuZita raJesu Kristu, zviitei, Ishe, kune mumwe nomumwe wedu.

³⁹⁰ Svinai moyo wangu, Ishe. Ndiri kuona kukanganisa kwangu kwese. Ndiri kuona mhosho dzangu. Mwari, kubva panguva ino, ndiri kuedza kurarama zvakanakisisa sokukwanisa kwangu, kuKubatsirai. Ndiri kuda kuenda, ndiri kuda kuchenesa upenyu hwangu patsva kwaMuri, ipo pano mangwanani ano.

³⁹¹ Mushure mokuunza kupomera uku kuchipikisa shamwari dzangu—dzangu vashumiri kunze uko, uye nokutofanira kutaura zvinhu izvi zvakaomarara, asi, Ishe, ndazviita nokufemera kweNyu. Ndiri kunzwa kuti Mandiudza kuti ndizviite. Iye zvino zvabva pamapfudzi angu, Ishe. Ndi—ndiri kufara kuti zvabva. Regai vaite nazvo sokuda kwavo, Baba. Ndinonamata kuti vagozvigamuchira. Ndinonamata kuti mugovaponesa vose, Ishe.

³⁹² Dai pakauya rumutsiro rwevakarurama, uye neSimba guru rigouya mukati meKereke paNenge yoda kuenda. Ini . . .

Hazvina kuoma kuzvinamatira, nokuti Makazvivimbisa. Uye takatarisira, Ishe, pakudhonza kuya kwechitatu uko kwatinoziva kuti kuchatiitira zvinhu zvikuru pakati pedu.

³⁹³ Ndiri wenyu, Ishe. Ndinozvradzika paartari ino, ndakangozvichenesa sokuziva kwandinoita kuzviitira. Bvisai nyika kwandiri, Ishe. Bvisai kwandiri zvinhu zvinoparara; ndipeiwo zvinhu zvisingaparare, Shoko raMwari. Dai ndakwanisa kurarama pedyosa neShoko iri, kusvikira Shoko rinenge rave mandiri, uye neni ndave Mushoko. Zviitei, Ishe. Dai ndikasambofa ndatsauka ndichibva paRiri. Dai ndikabata Munondo uya waMambo zvakasimba, nokuUbatisisa uri pedyo. Zviitei, Ishe.

³⁹⁴ Tiropafadzei pamwe chete. Tiri varanda veNyu, apo patiri kuzvichenesa kwaMuri mangwanani ano, patsva, mumoyo yedu. Tiri veNyu, nemuZita raJesu Kristu, mukushumira.

Jesu . . .

Mwari vakuropafadzei! Hama Neville.



KUPOMERA MHOSVA SHO63-0707M
(The Indictment)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikunguru 7, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org